मंगल

22 सितंबर, 2026

पटना

देशक गप गामक भाषा मे


# समदिया मिथिला

भादव, शुक्ल पक्ष, एकादशी, संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 14 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00

# 'प्लीज... हम हुनकर बेस्ट फ्रेंड छी', जमुई मे हाथ जोड़ि विनती करैत रहल छात्रा, बॉय फ्रेंडक पिटाइ करैत रहल शैतान

## सोशल मीडिया पर वीडियो वायरल भेलाक बाद डीएम आ एसपी लेलनि संज्ञान

- गठित कएल गेल एसआइटी तीन आरोपी कें पकड़ल गेल

**जमुई, समदिया**



जमुई मे नाबालिग छात्र-छात्राक संग भेल अभद्रता आ दुर्व्यवहारक घटनाक नव वीडियो सामने आयल अछि। वीडियो मे छात्रा आरोपित युवक सभक आगू हाथ जोड़ि अपन साथी कें छोड़ि देबाक लेल विनती करैत देखाइ पड़ैत छथि। मुदा आरोपित सभ हुनकर आग्रहक कोनो परवाह नहि करैत साथी छात्रक पिटाइ करैत रहैत अछि।

वीडियो मे छात्रा आरोपित सभ सं कहैत सुनाइ पड़ैत अछि, प्लीज, अंतिम बेर छोड़ि दिअ। हम हुनकर बेस्ट फ्रेंड छी। एहि पर आरोपित सभ विवाहक बात करैत छथि। छात्रा जवाब दैत अछि जे बेस्ट फ्रेंडक अर्थ विवाह नहि होइत अछि। ओ लगातार हाथ जोड़ि साथी कें छोड़ि देबाक लेल आग्रह करैत छथि, मुदा आरोपित सभ पिटाइ जारी रखैत अछि।

वीडियो मे छात्र सेहो कहैत छथि जे दुनू एकहि विद्यालय मे पढ़ैत अछि आ घरक लोक सभ कें सेहो एहि संबंध मे जानकारी अछि। एकरा बाद आरोपित सभ ओकर पिटाइ करैत अछि आ घर मे फोन लगेबा लेल कहैत अछि।

### की अछि पूरा मामिला?

बताओल गेल अछि जे 19 सितंबरक सांझ दुनू नाबालिग स्कूटी सं घर दिस लौटि रहल छलाह। एहि बीच रस्ता मे किछु युवक सभ ओकरा रोकि देलक आ ओकरा संग अभद्र व्यवहार कएलक। आरोपित सभ दुनू बच्चा सं गारि-गरौवलि कएलक आ नाबालिग छात्राक संग अनुचित व्यवहार सेहो कएलक।

घटनाक वीडियो सोशल मीडिया पर प्रसारित भेलाक बाद मामिला चर्चा मे आएल आ लोक मे आक्रोश देखल गेल। पुलिस एहि मामिला मे कारबाइ शुरू करैत अखन धरि तीन आरोपित कें गिरफ्तार कए चुकल अछि। अन्य आरोपितक खोज जारी अछि।

### जिलाधिकारीक निर्देश पर पुलिस भेल सक्रिय

घटनाक वीडियो तेजी सं सोशल मीडिया पर प्रसारित भेलाक बाद जिलाधिकारी नवीन मामिलाक तत्काल संज्ञान लेलनि। पीड़ित पक्षक दिस सं तत्काल लिखित शिकायत नहि देल गेल छल। मुदा घटनाक गंभीरता कें देखैत जिलाधिकारी पुलिस कें स्वतः कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। निर्देशक बाद जमुई सदर थाना पुलिस वायरल वीडियो कें आधार बना कए तकनीकी जांच शुरू केलक। साइबर सेल आ गुप्तचरक सहयोग सं पुलिस पीड़ित छात्र-छात्राक पहिचान कए हुनकर घर पहुंचि गोपनीय ढंग सं बयान दर्ज केलक। एकर बाद सदर थाना मे पोक्सो अधिनियम आ भारतीय न्याय संहिताक संबंधित गैर-जमानती धारा मे प्राथमिकी दर्ज कएल गेल।

### एसआइटी गठित, तीन आरोपित गिरफ्तार

एसपी विश्वजीत दयाल घटना कें अत्यंत दुर्भाग्यपूर्ण आ निंदनीय बतौलनि। हुनकर अनुसार, नाबालिगक गरिमा सं खिलवाड़ करबाक अनुमति ककरो नहि देल जा सकैत अछि। पुलिस पीड़ितक सुरक्षा आ पहिचानक गोपनीयताक प्रति सतर्क अछि।

एसपीक निर्देश पर एसडीपीओ दीप्ति मोनालीक नेतृत्व मे विशेष जांच दल यानी एसआइटी गठित कएल गेल अछि। पुलिस पोक्सो आ बीएनएसक धारा मे प्राथमिकी दर्ज कए तीन आरोपित कें गिरफ्तार केने अछि। शेष आरोपितक गिरफ्तारी लेल छापेमारी जारी अछि। पुलिस वायरल वीडियो कें सोशल मीडिया सं हटेबाक कारबाइ सेहो कए रहल अछि।

पुलिसक अनुसार, घटना 19 सितंबरक सांझ करीब 7 बजे भेल छल। दुनू नाबालिग कोचिंगक पढ़ाइ समाप्त केलाक बाद जमुई थाना क्षेत्रक एकटा इलाका मे फोटो खिंचबाक लेल गेल छल। ओतहि स्थानीय युवकक एकटा समूह दुनू कें घेरि लेलक आ अभद्र व्यवहार केलक। पुलिस वीडियो मे देखाइ पड़ैत सभ आरोपितक पहिचान कए लेने अछि आ मामिलाक जांच आगू बढ़ा रहल अछि।

### गरमायल राजनीति, राहुल आ तेजस्वी सरकार कें घेरलनि

लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष घटनाक एहि वीडियो कें बेचैन करयबला बतौलनि। राहुल गांधी कहलनि जे वीडियो मे देखाइ पड़ैत प्रत्येक व्यक्तिक पहिचान होयबाक चाही आ आरोपित अपराधी सभ पर पोक्सो अधिनियम अंतर्गत मुकदमा चला कए हुनका सभ कें यथाशीघ्र सजा देल जएबाक चाही। तेजस्वी यादव एक्स पर लिखलनि जे बिहार मे अराजक स्थिति उत्पन्न भए गेल अछि। बिहार मे आब कतहु, कखनहु कोनो छात्रा आ महिला सुरक्षित नहि छथि। गुंडा आ अपराधी आब दिन-देखाड़ विद्यालय, महाविद्यालय आ घर मे घुसि अपराध कए रहल अछि। एनडीएक सरकार मे महिला, छात्र, गरीब आ दलित पर अत्याचारक घटना मे अप्रत्याशित वृद्धि भेल अछि।

## एक नजरि

### राम मंदिर दान चोरी मामिला मे 105 घटना सीसीटीवी मे भेल बंद



**नई दिल्ली :** राम मंदिर मे दानक राशि चोरी मामिला मे पैघ खुलासा भेल अछि। सोमदिन सॉलिसिटर जनरल तुषार मेहताक दिस सं सर्वोच्च न्यायालय कें बताओल गेल जे मंदिर परिसर मे दान चोरीक 105 घटना सीसीटीवी मे कैद भेल अछि। एहि मामिलाक जांच विशेष जांच दल (एसआइटी) कए रहल अछि आ जांच आब अंतिम चरण मे अछि। सॉलिसिटर जनरलक अनुसार 25 सितंबर धरि आरोपपत्र दाखिल कएल जा सकैत अछि। सुनवाइक दौरान एसआइटीक स्थिति प्रतिवेदनक समीक्षा सेहो कएल गेल। न्यायालय कें अखन धरि भेल गिरफ्तारी, चोरी सं जुड़ल साक्ष्य, सीसीटीवी फुटेज आ गवाहक बयानक जानकारी देल गेल। सर्वोच्च न्यायालय निचला कोर्टक मजिस्ट्रेट कें कानूनक अनुसार आरोपपत्र पर कारबाइ करबाक निर्देश देलक।

# करमा-धरमा पूजाक समय 8 बच्चाक डूबला सं मृत्यु

## सुल्तानगंज मे 6 गोटे डूबि कए मरल, कजरैली मे 2 बच्चीक भेटल शव

**प्रदीप विद्रोही, भागलपुर**



करमा-धरमा पर्वक तैयारीक बीच भागलपुर मे सोमदिन 8 परिवार लेल एहन पीड़ादायक दिन बनि गेल, जे ओ सभ कहियो नहि बिसरि सकत। सुल्तानगंज मे पूजा लेल पोखरि मे स्नान आ फूल तोड़बाक क्रम मे 6 गोटेक डूबि कए मृत्यु भए गेल, तं कजरैली मे पूजा लेल नहाय आ फूल चुनय गेल 2 मासूम बच्ची लापता भए गेली आ दोसर दिन हुनकर शव पोखरि मे भेटल। दुनू घटना सं क्षेत्र मे शोकक माहौल पसरि गेल अछि। जिनका घर मे पर्वक गीत गूंजबाक छल, ओतय आब चीत्कार आ शोक पसरि गेल अछि। सुल्तानगंज प्रखंडक उधाडीह गाम मे करमा-धरमाक तैयारीक बीच ई हृदयविदारक घटना भेल। पूजा लेल पोखरि मे स्नान आ फूल तोड़बाक दौरान 6 लोक डूबि गेलाह। मृतकक पहिचान ज्योति कुमारी, अमित कुमार, आयुष कुमार, राहुल कुमार, पूजा कुमारी आ विकास कुमारक रूप मे भेल अछि। अमित, आयुष, राहुल, पूजा आ विकास सुल्तानगंज नगर परिषद क्षेत्रक विष्णु टोला, वार्ड संख्या-27क निवासी बताओल गेल छथि। मृत सभक उम्र 12 सं 14 वर्षक बीच बताओल जा रहल अछि। घटनाक सूचना भेटिते स्थानीय प्रशासन आ पुलिसक दल घटनास्थल पर पहुंचि राहति-बचाव कार्य शुरू कएलक। मुदा छओ गोटेक प्राण नहि बचाओल जा सकल। शव कें पोस्टमार्टम लेल पठा देल गेल अछि।

ओतहि कजरैली थाना क्षेत्रक गौराचौकी हरिजन टोला मे रविदिन दुपहर करमा-धरमा पूजाक लेल नहाय आ फूल चुनय गेल दू नाबालिग बच्ची देर सांझ धरि घर नहि लौटल। परिजन आ ग्रामीण सभ राति भरि हुनकर खोज करैत रहलाह। सोमदिन भोर मे पोखरि मे दुनूक शव भेटलाक खबरि सं इलाका मे कोहराम मचि गेल। मृत बच्चीक पहिचान मुन्ना दासक 12 वर्षीय बेटी रुपाली कुमारी आ मुकेश दासक 10 वर्षीय बेटी सरिताक रूप मे भेल अछि। दुनू गामक विद्यालय मे पांचम कक्षाक छात्रा छल। रुपाली चारि बहिन आ एक भाइ मे छल। हुनकर पिता राजमिस्त्री छथि। सरिता सात भाइ-बहिन मे छल आ हुनकर पिता हलुआईक काज करैत छथि। शव घर पहुंचिते दुनू परिवार मे चीत्कार मचि गेल।

परिजन बच्चीक मुंह सं खून निकलल आ शरीर पर हल्का चोटक निशान होयबाक बात कहलनि, मुदा पुलिस एकर पुष्टि नहि केने अछि। मृत्यु कए वास्तविक कारण पोस्टमार्टम रिपोर्ट अयलाक बादे स्पष्ट भए सकत। घटनाक सूचना पर कजरैली पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल। बाद मे घटनास्थल बायपास थाना क्षेत्र मे होयबाक जानकारी भेटल। दुनू थाना क्षेत्रक पुलिस आवश्यक प्रक्रिया पूरा कए शव कें पोस्टमार्टम लेल पठौलक। जिला प्रशासन मृतकक परिजनक प्रति गहींर संवेदना व्यक्त करैत नियमानुसार सहायता उपलब्ध करबाक प्रक्रिया शुरू केने अछि। घटनाक अन्य तथ्यक सेहो जांच कएल जा रहल अछि। करमा-धरमाक खुशीक बीच भेल एहि दुनू घटना सं भागलपुरक कतेको परिवार गहींर सदमा मे छथि। कतहु बेटीक घर लौटबाक प्रतीक्षा मृत्यु समाचार मे बदलि गेल, तं कतहु पूजाक लेल घर सं निकलल लोक फेर वापस नहि आबि सकल।

# अवधेश नारायण सिंहक विधान परिषद सभापति पद सं इस्तीफा

- सभापतिक कुर्सी जदयू कें देबाक चर्चा, रामवचन रायक नाम आगू

**पटना, समदिया**



बिहार विधान परिषदक सभापति अवधेश नारायण सिंह अपन पद सं इस्तीफा दए देलनि। हुनकर इस्तीफाक खबरि सं राज्यक राजनीति मे हलचल तेज भए गेल अछि। भाजपा कोटाक विधान पार्षद अवधेश नारायण सिंहक पद छोड़लाक बाद विधान परिषदक सभापति पद जनता दल यूनाइटेडक खाता मे जेबाक चर्चा अछि। जदयू दिस सं वर्तमान उपसभापति प्रो. डॉ. रामवचन राय कें प्रमुख दावेदार मानल जा रहल अछि। बिहार मे नव सरकारक गठनक बाद राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधनक भीतर महत्वपूर्ण संवैधानिक पदक बंटवाराक नव समीकरण पर चर्चा चलि रहल छल। मुख्यमंत्रीक पद आ विधानसभा अध्यक्षक कुर्सी भाजपा लग अछि, जखन कि विधान परिषदक सभापति पद सेहो भाजपा लग रहल अछि। एहि परिस्थिति मे जदयू दिस सं विधान परिषद सभापति पद पर दाबी कएल जा रहल छल। आब भाजपा आ जदयू नेतृत्वक बीच एहि पद कें लए कए सहमति बनबाक बात सामने आबि रहल अछि।

रिपोर्टक अनुसार भाजपा नेतृत्व अवधेश नारायण सिंह सं सभापति पद छोड़बाक आग्रह कएलक, जकर बाद ओ इस्तीफा देलनि। आब जदयू कोटा सं वर्तमान उपसभापति रामवचन राय कें पहिने कार्यकारी सभापतिक जिम्मेदारी देल जेबाक संभावना अछि।






# गामक ईंटा भट्ठा, निजी स्कूल आ मोबाइल टावर पर लागत टैक्स

- मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि, परिसीमनक बाद होयत पंचायत चुनाव
- मुखिया बनब आसान नहि

**पटना, समदिया**



मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे गरीब लोक पर कोनो कर नहि लगाओल जायत, मुदा पंचायत कें आत्मनिर्भर बनेबाक लेल गाम मे चलि रहल ईंट-भट्ठा, निजी स्कूल, व्यावसायिक गतिविधि आ मोबाइल टावर सं पंचायत कें कर वसूल करबाक व्यवस्था होयबाक चाही। एहि सं प्राप्त राजस्व सं गाम मे कचरा प्रबंधन, पेयजल सहित अन्य मूलभूत सुविधा नीक कएल जा सकैत अछि।

सोमदिन होटल ताज मे आयोजित ग्राम संसद, बिहार चैप्टर कें संबोधित करैत मुख्यमंत्री कहलनि जे नव परिसीमनक बाद पंचायत चुनाव कराओल जायत। कार्यक्रमक उद्घाटन मुख्यमंत्रीक संग उच्च शिक्षा मंत्री संजय सिंह टाइगर आ ग्राम संसदक राष्ट्रीय अध्यक्ष संजय मयूख कएलनि। मुख्यमंत्री कहलनि जे देशक शक्तिशाली जनप्रतिनिधि मे मुखिया प्रमुख छथि, कारण हुनका जिम मे पंचायत स्तर पर बहुत रास काज आ उत्तरदायित्व रहैत अछि। पंचायतक लोक सं सीधा जुड़ल रहबाक कारण मुखियाक भूमिका गामक विकास मे महत्वपूर्ण होइत अछि। हुनकर अनुसार मुखियाक चुनाव लड़ब सेहो सहज नहि अछि।

### पंचायत मे स्थानीय राजस्व पर जोर

मुख्यमंत्री गाम मे स्थानीय स्तर पर राजस्व जुटेबाक व्यवस्था विकसित करबाक आवश्यकता पर जोर देलनि। हुनकर कहलनि जे बिहारक गाम मे एखन पंचायत स्तर पर कर वसूलीक पर्याप्त व्यवस्था नहि अछि, जखन कि किछु दोसर राज्य मे पंचायत स्थानीय स्रोत सं राजस्व जुटबैत अछि। मुख्यमंत्री उदाहरण दैत कहलनि जे पश्चिम बंगालक एक पंचायत सं पैघ मात्रा मे राजस्व प्राप्त होइत अछि। गाम मे फैक्ट्री, मोबाइल टावर अथवा अन्य व्यावसायिक गतिविधि चलैत हो तं ओहि सं पंचायत कें करक रूप मे राजस्व भेटबाक चाही। एहि सं पंचायतक आर्थिक स्थिति मजबूत होयत आ लोक कें सेहो लाभ भेटत।

### परिसीमनक बाद होयत पंचायत चुनाव

मुख्यमंत्री कहलनि जे कतेको पंचायतक जनसंख्या बहुत बेसी अछि आ लगपासक अन्य गाम सेहो ओहि मे जुड़ल अछि। अपन गामक उदाहरण दैत कहलनि जे हुनकर गामक जनसंख्या करीब 20 हजार अछि आ तीनटा गाम ओकरा सं सटल अछि। हुनकर अनुसार नियमानुसार 7,500 जनसंख्या पर एक पंचायत होयबाक चाही।

# रक्सौल-हल्दिया एक्सप्रेस-वे: बिहारक 12 जिला सं गुजरत 6-लेन कॉरिडोर

### नेपाल धरि होयत संपर्क

पटना, समदिया

रक्सौल-हल्दिया ग्रीनफील्ड एक्सप्रेस-वे 2028 धरि बनि कए तैयार होयत। ई एक्सप्रेस-वे बिहारक 12 जिला सं गुजरत नेपाल धरि सीधा संपर्क स्थापित करत। पूर्वी भारत मे व्यापार, लॉजिस्टिक्स आ संपर्क व्यवस्था कें नव ऊंचाई धरि पहुंचयबाक लेल प्रस्तावित रक्सौल-हल्दिया ग्रीनफील्ड एक्सप्रेस-वेक काज तेजी सं चलि रहल अछि।

लगभग 39,000 करोड़ सं 54,000 करोड़ रुपैयाक अनुमानित लागत आ 2028क लक्ष्य बला एहि महत्वाकांक्षी परियोजना मे सब सं पैघ हिस्सा, लगभग 406 किलोमीटर, बिहार मे बनत। जखनकि झारखंड मे करीब 90 किलोमीटर आ पश्चिम बंगाल मे लगभग 90 सं 100 किलोमीटर धरि एकर निर्माण होयत।

बिहारक 12 जिला कें जोड़ैत ई एक्सप्रेस-वे नेपालक संग भारतक द्विपक्षीय व्यापार लेल महत्वपूर्ण साबित होयत। नेपालक अधिकांश आयात-निर्यात आ माल ढुलाई वर्तमान मे पश्चिम बंगालक हल्दिया बंदरगाहक माध्यम सं होइत अछि। मुदा नीक आ सीधा हाई-स्पीड संपर्क कॉरिडोरक अभाव मे ट्रक आ मालवाहक सभ कें यात्रा मे बहुत समय लगैत अछि।



### रक्सौल-हल्दिया एक्सप्रेस-वे मार्ग

ई ग्रीनफील्ड एक्सप्रेस-वे तीन राज्यक प्रमुख औद्योगिक आ व्यापारिक शहर सभ सं गुजरत।

बिहार मे लगभग 400 सं 585 किलोमीटरक हिस्सा रहबाक संभावना अछि। ई एक्सप्रेस-वे पूर्वी चंपारणक रक्सौल आ मोतिहारी, शिवहर, सीतामढ़ी, मुजफ्फरपुर, दरभंगा, समस्तीपुर, बेगूसराय, खगड़िया, लखीसराय, मुंगेर, जमुई आ बांका जिला सं गुजरत।

रक्सौल-हल्दिया एक्सप्रेस-वे परियोजनाक अंतर्गत गंगा नदी पर प्रस्तावित पुलक संग शाम्हो कें बेगूसराय जिला मुख्यालय सं जोड़बाक लेल अलग पहुंच पथ बनेबाक योजना पर प्रशासनिक स्तर पर काज तेज भए गेल अछि।

झारखंड मे ई एक्सप्रेस-वे देवघर, दुमका आ जामताड़ा जिला सं गुजरत। एहि सं देवघर कें पटना आ कोलकाता सं जोड़य बला सड़क दूरी मे उल्लेखनीय कमी होयत।

पश्चिम बंगाल मे ई सड़क पश्चिम बर्धमानक आसनसोल आ दुगार्पुर, बांकुरा, पश्चिम मेदिनीपुर आ पूर्व मेदिनीपुर जिला सं गुजरैत सीधा हल्दिया बंदरगाह धरि पहुंचत। रक्सौल-हल्दिया ग्रीनफील्ड एक्सप्रेस-वे कें व्यापार आ लॉजिस्टिक्सक लाइफलाइन कहल जा रहल अछि। एहि एक्सप्रेस-वेक निर्माण सं पूर्वी भारत मे व्यापारिक गतिविधि कें गति भेटबाक संभावना अछि।

परियोजनाक अनुमानित लागत 39,000 करोड़ सं 54,000 करोड़ रुपैयाक बीच आकलन कएल गेल अछि। केंद्रीय सड़क परिवहन एवं राजमार्ग मंत्रालयक दिस सं एकर एलाइनमेंट कें स्वीकृति भेटि चुकल अछि आ भारतीय राष्ट्रीय राजमार्ग प्राधिकरण (एनएचएआई) दिस सं भूमि अधिग्रहणक प्रक्रिया जारी अछि। एहि लेल भूमि राशि पोर्टलक उपयोग कएल जा रहल अछि। बिहारक लगभग 11 सं 12 जिला मे एहि परियोजना लेल भूमि सत्यापन आ प्रशासनिक गतिविधि तेज कएल गेल अछि। पूर्वी चंपारण मे करीब 72 किलोमीटरक हिस्सा प्रस्तावित अछि। जखनकि बांका जिलाक पांच प्रखंडक 58 राजस्व गामक भूमि अधिग्रहण कएल जायत।

एहि मेगा परियोजना कें 2028 धरि पूरा करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। रक्सौल-हल्दिया एक्सप्रेस-वे मात्र सड़क निर्माणक परियोजना नहि, बल्कि दक्षिण एशिया मे व्यापारिक संपर्कक नव माध्यमक रूप मे देखल जा रहल अछि। नेपाल सं बंगालक खाड़ी धरि विस्तारित ई सड़क पूर्वी भारतक राज्य सभ मे निवेश, रोजगार आ लॉजिस्टिक्स क्षेत्रक विकास कें गति देबाक क्षमता रखैत अछि।

# पटना सं भागलपुर धरि सड़क बनाबय मे खर्च होयत 1000 करोड़

## बाढ़ि सं 1050 सं बेसी ग्रामीण सड़क बर्बाद

पटना, समदिया

नेपाल मे आयल बाढ़िक कारण पिछला किछु दिन मे बिहारक स्थिति गंभीर भए गेल छल। गंगा, गंडक, कोसी, सोन सहित कतेको नदी उफना गेल छल। एहि कारण कतेको जिलाक नीचला इलाका मे पानि भरि गेल। बहुत रास लोकक घर बाढ़ि मे डूबि गेल आ हुनका सभ कें अपन घर छोड़ि कोनो दोसर ऊंच स्थान पर शरण लेबय पड़ल।

आब धीरे-धीरे नदीक पानि सामान्य भए रहल अछि। एहि बीच बाढ़ि सं भेल नोकसानक आकलन कएल जा रहल अछि। ग्रामीण कार्य विभाग दिस सं जारी ताजा रिपोर्ट मे बाढ़ि सं नोकसान भेल सड़क सभक आंकड़ा देल गेल अछि। पटना सं भागलपुर धरि करीब 17 जिला बाढ़ि सं प्रभावित रहल। ग्रामीण कार्य विभाग दिस सं जारी रिपोर्ट मे सड़क सभक नोकसानक विवरण देल गेल अछि। विभागक रिपोर्टक अनुसार, 17 जिलाक 1050 सं बेसी ग्रामीण सड़क बाढ़ि सं प्रभावित भेल अछि। एहि मे किछु सड़क पानि मे डूबल अछि तं' किछु सड़क टूटि गेल अछि। सभ सड़क कें मिलाकए एकर कुल लंबाई करीब 2000 किलोमीटर बताओल गेल अछि। प्रारंभिक रिपोर्टक अनुसार बाढ़ि सं बर्बाद भेल सड़क सभक मरम्मत मे करीब 1000 करोड़ रुपैयाक खर्च होयबाक अनुमान अछि। ग्रामीण कार्य विभाग दिस सं आदेश जारी कएल गेल छल। एहि आदेशक बाद जिला सभ सं रिपोर्ट पठाओल जा रहल अछि। मुदा विभागक अनुसार कोन सड़कक कतेक हिस्सा डूबल अथवा बर्बाद भेल अछि, एकर पूरा जानकारी पानि पूरा तरहे निकललाक बादे स्पष्ट भए सकत। विभाग दिस सं नीचला इलाका सभ सं पानि निकलबाक स्थिति पर लगातार नजरि राखबाक आ सड़कक मरम्मत काज शुरू करबाक निर्देश देल गेल अछि। जानकारीक अनुसार पटना आ भागलपुर मे सड़क सभ कें सब सं बेसी नोकसान भेल अछि। पटना जिला मे 140 ग्रामीण सड़क जखनकि भागलपुर जिला मे 151 सड़क डूबल अछि। दोसर जिला सभक बात करी तं' सारणक 101, अररियाक 10, बेगूसरायक 49, मधेपुराक 18, भोजपुरक 134, समस्तीपुरक 86, खगड़ियाक 36, वैशालीक 82, लखीसरायक 54, कटिहारक 60, मुंगेरक 48, पश्चिम चंपारणक 16, सहरसाक 20 आ पूर्णियाक 18 सड़क बाढ़ि सं बर्बाद भेल अछि। विभागक प्रारंभिक आकलनक आधार पर बाढ़ि सं क्षतिग्रस्त सड़क सभक मरम्मत मे करीब 1000 करोड़ रुपैया खर्च होयबाक अनुमान अछि। पानि पूरा तरहे उतरि गेलाक बाद सड़क सभक वास्तविक नोकसानक विस्तृत आकलन कएल जायत।



# जदयू चिकित्सा प्रकोष्ठ मे फेरबदल 43 जिला-नगर अध्यक्षक सूची जारी

पटना, समदिया

जदयू चिकित्सा प्रकोष्ठक प्रदेश अध्यक्ष डॉ. एलबी सिंह प्रकोष्ठक नव मनोनीत 43 जिला आ नगर अध्यक्षक सूची जारी कएलनि। संगठन मे ई नियुक्ति सभक माध्यम सं जिला आ नगर स्तर पर नव जिम्मेवारी तय कएल गेल अछि। बगहा मे रंजीत चौधरी, पश्चिम चंपारण मे डॉ. नासिर अली, पूर्वी चंपारण मे डॉ. श्रीकांत कुमार, गोपालगंज मे हंस कुमार, सीवान मे हरदेश्वर सिंह आ सारण मे डॉ. वीरेंद्र कुमार सिंह कें जिम्मेवारी देल गेल अछि।

वैशाली मे इंद्रजीत कुमार राय, मुजफ्फरपुर मे डॉ. प्रवीण चंद्रा, सीतामढ़ी मे डॉ. नरेंद्र शाही, शिवहर मे डॉ. रामाशंकर राय, दरभंगा मे डॉ. रूही यास्मीन आ समस्तीपुर मे कृष्ण कुमार कें जिलाध्यक्ष बनाओल गेल अछि। सुपौल मे सज्जाद आलम, अररिया मे डॉ. ऋषभ राज, मधेपुरा मे डॉ. हिमांशु कुमार, सहरसा मे प्रो. डॉ. मनोज राणा, पूर्णिया मे राजेंद्र रजक आ कटिहार मे डॉ. माधव मुरारी सिंहक नाम जारी कएल गेल अछि।

कटिहार नगर मे अभिषेक मिश्रा, खगड़िया मे धीरेंद्र कुमार, बेगूसराय मे डॉ. सुधीर पासवान, भागलपुर मे डॉ. अजय कुमार सिंह, नवगछिया मे कौशल किशोर आ बांका मे नागेश्वर प्रसाद जिम्मेवारी संभालताह। जमुई मे दयानंद यादव उर्फ दरोगी, लखीसराय मे नरेश मंडल, शेखपुरा मे अवधेश कुमार, नवादा मे कौशल किशोर, नालंदा मे विपिन कुमार, जहानाबाद मे अजय कुमार आ गया मे बलराम चौधरी कें जिम्मेवारी देल गेल अछि। औरंगाबाद मे डॉ. प्रकाश वर्मा, रोहतास मे ताजमुल अंसारी, कैमूर मे लक्ष्मण सिंह, बक्सर मे सचिन दुबे, भोजपुर मे विजय कुमार सिंह, पटना ग्रामीण मे शैलेंद्र कुमार सिंह आ पटना महानगर मे डॉ. रवि प्रकाश कें मनोनीत कएल गेल अछि। बाढ़ि मे मंकेश्वर प्रसाद महतो, मधुबनी मे रामदहिन ठाकुर, किशनगंज मे नवीन कुमार मल्लाह, अरवल मे विद्यानंद सिंह आ मुंगेर मे एम. एकबाल कें सेहो जिम्मेवारी देल गेल अछि। एहि तरहें कुल 43 जिला आ नगर अध्यक्षक नामक घोषणा कएल गेल अछि।



# पटनाक सड़क पर आब नहि देखायत हाईटेंशन तार

## जून 2027 धरि 33 केवीक सभ वायर होयत भूमिगत, 328 करोड़ होयत खर्च

पटना, समदिया

पटना शहर मे बिजली व्यवस्था कें सुरक्षित बनेबाक लेल 33 केवीक सभ हाईटेंशन लाइन कें भूमिगत करबाक योजना अछि। लक्ष्यक अनुसार जून 2027 धरि शहर मे मौजूद 33 केवीक सभ बिजली तार कें भूमिगत कए देल जायत। एकर संग प्रमुख सड़क आ व्यस्त क्षेत्र सभ मे 11 केवी आ एलटी लाइन कें सेहो भूमिगत कएल जायत।

एहि पूरा योजना पर करीब 328 करोड़ रुपैयाक खर्च होयत। परियोजनाक अंतर्गत शहरक बिजली नेटवर्कक ओहि हिस्सा सभ कें भूमिगत कएल जा रहल अछि, जतय वर्तमान मे हाईटेंशन आ एलटी लाइन ऊपर सं गुजरैत अछि। एकर उद्देश्य बिजली आपूर्ति कें सुरक्षित बनेबाक संग तार टूटला सं होयबला दुर्घटनाक आशंका कें कम करब अछि।

योजनाक अंतर्गत आयकर गोलंबर सं वीरचंद पटेल पथ आ जंक्शन रोड, एग्जीबिशन रोड होइत गांधी मैदान सर्किल तथा बांकीपुर-दीघा रोड आ बुद्धमार्ग होइत फेर आयकर गोलंबर धरि पूरा सर्किल मे 11 केवी हाईटेंशन लाइन कें भूमिगत कएल जायत। ई शहरक महत्वपूर्ण आ व्यस्त हिस्सा सभ मे सं एक अछि।

डाकबंगला, पटना जंक्शन गोलंबर आ गांधी मैदान जेकां प्रमुख स्थान पर एलटी लाइन कें सेहो पूरा तरहे भूमिगत करबाक योजना अछि। एहि क्षेत्र सभ मे पैघ संख्या मे लोक आ वाहनक आवागमन रहैत अछि। एहि कारण बिजली तार कें भूमिगत करबा पर विशेष जोर देल जा रहल अछि।

पटना शहर मे एखन करीब 95 किलोमीटर 33 केवी लाइन अछि। एहि मे सं लगभग 35 किलोमीटर लाइन कें भूमिगत कएल जा चुकल अछि। एहि मे राजेंद्र नगर सं डाकबंगला चौराहा धरिक स्ट्रेच तथा ओतय सं एसपी वर्मा रोड होइत गोलघर धरिक हिस्सा शामिल अछि।

33 केवीक बचल करीब 60 किलोमीटर लाइन कें सेहो भूमिगत करबाक काज पूरा करबाक अछि। एहि मे गोलघर सं गांधी मैदान सर्किल होइत रामगुलाम चौक आ एग्जीबिशन रोड धरिक लाइन सेहो शामिल अछि। बरखा के कारण एहि हिस्साक काज बीच मे रोकय पड़ल अछि। मौसिम सामान्य भेलाक बाद काज फेर आगू बढ़ाओल जायत।

शहर मे 11 केवीक कुल करीब 356 किलोमीटर लाइन अछि। एहि मे सं 155 किलोमीटर तार कें भूमिगत करबाक योजना अछि। एखन धरि करीब 40 किलोमीटर 11 केवी लाइन भूमिगत कएल जा चुकल अछि। बचल 115 किलोमीटर लाइन कें भूमिगत करबाक काज बरखा पूरा तरहे समाप्त भेलाक बाद शुरू कएल जायत।

योजनाक अनुसार 11 केवीक बचल 115 किलोमीटर लाइन कें 2 जुलाई 2027 धरि भूमिगत करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। काज पूरा भेलाक बादो पेसू क्षेत्र मे करीब 201 किलोमीटर 11 केवी लाइन जमीनक ऊपर रहत।

जे 11 केवी लाइन ऊपर रहत, ओकरा सुरक्षित बनेबाक लेल कवर्ड कंडक्टर लगाबय काज सेहो कएल जा रहल अछि। योजनाक अनुसार एहि काज कें जून 2027 धरि पूरा करबाक लक्ष्य अछि। एहि सं खुलल तारक संपर्क मे आबि जायब आ तार टूटलाक स्थिति मे दुर्घटनाक खतरा कम करबा मे मदति भेटत।

बिजली तार कें भूमिगत करबाक मुख्य उद्देश्य आम लोक लेल बिजली नेटवर्क कें सुरक्षित बनायब अछि। सभ 33 केवी हाईटेंशन लाइन भूमिगत भेलाक बाद आ 11 केवी लाइन कें भूमिगत अथवा कवर्ड कंडक्टरक माध्यम सं सुरक्षित कएल गेलाक बाद अन्हर जेकां स्थिति मे तार टूटला सं होयबला जान-मालक नोकसानक आशंका कम होयत।

पटनाक प्रमुख बाजार, सड़क आ सार्वजनिक स्थान सं गुजरैत बिजली लाइन सभ कें भूमिगत कए शहरी बिजली नेटवर्कक सुरक्षा बढ़ेबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। खास कए ओहि क्षेत्र सभ मे एकर प्रभाव पड़त, जतय सड़कक कात ऊपर सं गुजरैत तारक कारण खतरा बनल रहैत अछि।

# पटना नगर निगमक 75म वर्षगांठ पर होयत पाटलिपुत्र महोत्सव

## 13 ठाम अलग-अलग विषय पर कार्यक्रम

### सांस्कृतिक पवेलियन आ वीआर-एआर जोन बनत

पटना, समदिया

पटना नगर निगमक 75म वर्षगांठक अवसर पर शहर मे भव्य पाटलिपुत्र महोत्सव आयोजित करबाक तैयारी अछि। एहि आयोजन पर करीब 20 सं 25 करोड़ रुपैयाक खर्च होयबाक अनुमान अछि। 5 सं 7 नवंबर 2026 धरि पाटलिपुत्र महोत्सव आयोजित करबाक प्रस्ताव अछि। एकर उद्देश्य बिहारक कला, संस्कृति आ समृद्ध विरासत कें वैश्विक मंच पर पहचान देब अछि। नगर निगमक अनुसार, महोत्सव सं शहर कें करीब 325 सं 540 करोड़ रुपैयाक प्रत्यक्ष आ अप्रत्यक्ष आर्थिक लाभ होयबाक अनुमान अछि। एहि महोत्सवक माध्यम सं बिहारक समृद्ध ऐतिहासिक आ सांस्कृतिक विरासतक संग राज्यक आधुनिक उपलब्धि आ भविष्यक संभावना सभ कें सेहो प्रदर्शित कएल जायत। पाटलिपुत्र महोत्सव 2026 कें पैघ आ आधुनिक स्तर पर आयोजित करबाक तैयारी अछि। आयोजन लेल एक मुख्य सांस्कृतिक विषय तैयार कएल जायत, जाहि मे बिहारक परंपरा, आध्यात्मिकता, नृत्य, संगीत, इतिहास, कला आ क्षेत्रीय विविधता कें शामिल कएल जायत। हर दिनक कार्यक्रम लेल अलग-अलग विषय तय करबाक संग मंच, प्रकाश आ ध्वनिक आधुनिक व्यवस्था कएल जायत। महोत्सव लेल वृत्तचित्र, लघु फिल्म, महोत्सव डायरी आ कलाकार सभक परिचय सेहो तैयार कएल जायत।

अंतरराष्ट्रीय दर्शक लेल बिहारक संस्कृति कें बुझबाक लेल मार्गदर्शिका पुस्तक आ अन्य सामग्री तैयार करबाक योजना अछि। दर्शक सभ लेल संवादात्मक जोन, सांस्कृतिक पवेलियन, विरासत दीर्घा आ वीआर-एआर आधारित अनुभव जोन तैयार करबाक योजना अछि। कार्यक्रम स्थल पर सुरक्षाक लेल बैरिकेडिंग, ग्रीन रूम, नियंत्रण जोन आ पर्याप्त संख्या मे शौचालयक व्यवस्था सेहो कएल जायत। सामान्य दर्शक सभक संग विशेष अतिथि, वीआईपी, वीवीआईपी आ प्रायोजक सभ लेल अलग बैसबाक व्यवस्था प्रस्तावित अछि। 20 हजार सं बेसी लोक लेल प्रवेश आ सुरक्षाक व्यवस्था आयोजन सं जुड़ल प्रस्तावक अनुसार, प्रत्येक आयोजन स्थल पर करीब 20 हजार सं बेसी लोकक भीड़ कें संभालबाक लेल प्रवेश आ बैरिकेडिंगक व्यवस्था कएल जायत। एहि लेल सुरक्षा गार्ड, बाउंसर, आगि सुरक्षा कर्मी, सीसीटीवी, वॉकी-टॉकी, मेटल डिटेक्टर, अग्निशमन यंत्र आ प्राथमिक उपचारक व्यवस्था कएल जायत। टिकटिंगक व्यवस्था ऑनलाइन आ आयोजन स्थल दुनू स्तर पर संचालित करबाक प्रस्ताव अछि। प्रवेश लेल क्यूआर कोड स्कैनिंग, पास आ रिस्टबैंडक व्यवस्था कएल जायत।




### पटना मे दुर्गापूजा सं पहिने लागत 15 हजार नव लाइट

**पटना।** आगामी दुर्गापूजा कें देखैत शहर मे खराब स्ट्रीट लाइट कें दुरुस्त करबाक काज तेज कए देल गेल अछि। पूजा दौरान शहरक प्रमुख इलाका आ सड़क सभ पर पर्याप्त रोशनी सुनिश्चित करबाक लेल नगर निगम मरम्मत व्यवस्था कें मजबूत केने अछि। नगर आयुक्त यशपाल मीणा स्ट्रीट लाइटक रखरखावक जिम्मेवारी संभालि रहल एजेंसी ईईएसएलक संग बैठक कएलनि। एहि मे शहर मे खराब पड़ल लाइट सं जुड़ल शिकायत सभ कें शीघ्र दूर करबाक निर्देश देल गेल अछि। निगम दिस सं पर्व सं पहिने लंबित शिकायत कें निपटेबा पर विशेष जोर देल जा रहल अछि। स्ट्रीट लाइटक जांच आ मरम्मतक लेल मैदान मे उतारल जायबला टीमक संख्या बढ़ा देल गेल अछि। पहिने 18 टीम काज कए रहल छल, जकरा बढ़ाकए 26 कए देल गेल अछि। एहि सं अलग-अलग इलाका मे खराब लाइटक पहचान आ मरम्मतक काज तेजी सं कएल जा सकत। स्ट्रीट लाइट व्यवस्था कें दुरुस्त करबा मे नगर निगमक बिजली मिस्त्री सभ कें सेहो लगाओल गेल अछि। निगमक पांच बिजली मिस्त्री अपन सहायक सभक संग शहर मे घूमि-घूमि कए खराब स्ट्रीट लाइटक जांच कए रहल छथि। जरूरतक अनुसार खराब लाइटक मरम्मत अथवा ओकरा बदलबाक कारबाइ कएल जा रहल अछि।

# बिहार मे सैटेलाइट टाउनशिप लेल जमीनक सर्वे पूरा, आब हर भूखंडक पूरा रिकार्ड खुजत


### जीआईएस मे दर्ज होयत आंकड़ा

पटना, समदिया

ग्रीनफील्ड सैटेलाइट टाउनशिप लेल जमीनक सर्वे पूरा भेलाक बाद आब दोसर चरणक काज शुरू होयत। एहि चरण मे सर्वेक दौरान जुटाओल गेल जमीनक आंकड़ा कें राजस्व विभागक रिकार्ड सं मिलान कएल जायत। हर भूखंडक माप, स्थिति आ क्षेत्रफल केर जांच राजस्व रिकार्डक आधार पर कएल जायत। एहि प्रक्रिया पूरा भेलाक बादे टाउनशिपक आखरी आधार नक्शा तैयार कएल जायत।

नगर विकास एवं आवास विभाग एहि लेल सलाहकार एजेंसीक चयनक प्रक्रिया शुरू कए देने अछि। एजेंसी कें संबंधित विभागक सहयोग सं नवीनतम बंदोबस्त वर्षक राजस्व रिकार्ड, अधिकार अभिलेख, मुकदमा अभिलेख, जमीनक नक्शा आ अधिग्रहण सं जुड़ल दस्तावेज जुटाबय पड़त।

सर्वेक बाद तैयार नक्शा कें अंचल स्तर पर उपलब्ध राजस्व रिकार्ड सं मिलान कएल जायत। नक्शा सर्वे नंबरक आधार पर तैयार होयत। जं स्थल पर भेटल जमीनक स्थिति आ सरकारी रिकार्ड मे दर्ज स्थिति मे भेद भेटैत अछि तं' ओकरा नक्शा मे अलग सं दर्ज कएल जायत।



टाउनशिप क्षेत्रक प्रत्येक भूखंडक अलग-अलग क्षेत्रफल दर्ज कएल जायत। एहि मे सर्वेक दौरान भेटल क्षेत्रफलक संग राजस्व रिकार्ड मे दर्ज क्षेत्रफल केर जानकारी सेहो रहत।

ई पूरा आंकड़ा भौगोलिक सूचना प्रणाली (जीआईएस) मे सेहो दर्ज कएल जायत। एकर संग जमीनक स्वामित्व आ ओकर श्रेणीक जानकारी सेहो जुटाओल जायत। एहि सं टाउनशिपक योजना बनबैत समय ई स्पष्ट रहत जे कोनो भूखंडक वास्तविक क्षेत्रफल कतेक अछि, सरकारी रिकार्ड मे कतेक दर्ज अछि आ जमीन केकर नाम पर अथवा कोन श्रेणी मे दर्ज अछि।

विभागक अनुसार राजस्व रिकार्ड आ स्थल पर भेटल स्थितिक मिलान करबा सं जमीन सं जुड़ल संभावित विवाद कम करबा मे मदति भेटत। एकर संग टाउनशिपक योजना आ भूमि उपयोग तय करबाक लेल सेहो सटीक आंकड़ा उपलब्ध होयत।

# झंझारपुर मे वर्षोक प्रतीक्षा समाप्त, केंद्रीय विद्यालयक शुभारंभ

## डीएम कहलनि जे सरकारी विद्यालयो कें केंद्रीय विद्यालय जेकां संवारल जायत

झंझारपुर, समदिया

झंझारपुर लोकक वर्षोक पुरान प्रतीक्षा सोमदिन समाप्त भए गेल। झंझारपुरक धरती पर केंद्रीय विद्यालयक विधिवत शुभारंभक ऐतिहासिक अवसर आयल। सोमदिन जिलाधिकारी आनंद शर्मा, जिला शिक्षा पदाधिकारी अक्षय कुमार पांडे आ अनुमंडल पदाधिकारी टोनी कुमारीक गरिमामय उपस्थिति मेकेंद्रीय विद्यालयक उद्घाटन भेल। उद्घाटनक सब सं विशेष बात ई रहल जे केंद्रीय विद्यालयक एक नन्ही छात्राक हाथे फीता कटबा कए विद्यालयक शुभारंभ कराओल गेल। जाहि विद्यालयक उज्ज्वल भविष्यक शुरुआत भेल, ओही विद्यालयक नन्ही छात्राक हाथे ओकर शुभारंभ होयब एहि अवसर कें आरबेसी स्मरणीय बना देलक। शिक्षा क्षेत्र



मे मीलक पाथर साबित होयत विद्यालय : डीएम जिलाधिकारी आनंद शर्मा कहलनि जे ई मात्र दूटा भवन नहि, बल्कि मधुबनी जिलाक शिक्षा क्षेत्र मे मीलक पाथर साबित होयत। हुनकर कहब छलनि जे मधुबनी जिला कें दूटा केंद्रीय विद्यालयक सौगात भेटल अछि। डीएम कहलनि जे जं आगू आर केंद्रीय विद्यालयक स्वीकृति भेटैत अछि तं जिलाक दोसर शहरक लेल सेहो पूरा प्रतिबद्धताक संग सरकारक समक्ष प्रस्ताव राखल जायत। ओ कहलनि जे दुनू केंद्रीय विद्यालयक नमूना कें जिलाक अन्य सरकारी विद्यालय मे सेहो लागू करबाक प्रयास कएल जायत। जिलाधिकारी कहलनि जे सरकारी विद्यालयक आधारभूत संरचना मे सुधार कएल जायत।विद्यालय मात्र चारदीवारीक नाम नहि, बल्कि ई शिक्षा केर मंदिर अछि। एहि दृष्टिकोण सं आब सरकारी विद्यालय दिस देखल जा रहल अछि। आबयवला समय मे मधुबनी मे शिक्षा क्षेत्र मे एकटा अलगपहचान बनेबाक प्रयास होयत।केंद्रीय विद्यालयक प्रस्तावक पूर्व सांसद वीरेंद्र चौधरी छलाह एतय ई उल्लेखनीय अछि जे झंझारपुर मे केंद्रीय विद्यालय स्थापित करबाक प्रस्ताव पूर्व सांसद वीरेंद्र कुमार चौधरी द्वारा राखल गेल छल। एहि प्रस्तावक आधार पर चनौरागंज मे प्रस्तावित भूमिक जांच लेलकमेटी सेहो गठित भेल छल। तत्कालीन जिलाधिकारी शीर्षत कपिल अशोक स्वयं प्रस्तावित भूमिक निरीक्षण केने छलाह। मुदा उक्त भूमि विवादित रहबाक कारण आगांक प्रक्रिया बढ़ि नहि सकल। केंद्रीय विद्यालयक श्रेय जेकरा लेबाक अछि, से लिअ, मुदा झंझारपुर मे केंद्रीय विद्यालय हो, एहि लेल पहिल बेर प्रस्ताव रखबाक पहल पूर्व सांसद वीरेंद्र कुमार चौधरी द्वारा कएल गेल छल।

# हंसराज-समग्र, ठहक्का आ एम्हर अन्हरिया ओम्हर इजोतक लोकार्पण

मधुबनी, समदिया

मधुबनी जिलाक पंडौल प्रखंडक सरिसब पाहीक लोकप्रिय साहित्यिक संस्था साहित्यिकीक 384म मासिकबैसार मैथिली साहित्यक लब्धप्रतिष्ठ साहित्यकार डॉ. जगदीश मिश्रक आवास नबटोल मे आयोजित भेल।कार्यक्रमक अध्यक्षता पूर्व कुलपति डॉ. शशिनाथ झा कएलनि। मुख्य अतिथि गौरीनाथ झा आ विशिष्ट अतिथि साहित्य अकादेमी सम्मान सं सम्मानित साहित्यकार अजित आजाद छलाह। एहि अवसर परआगत अतिथि सभक संग डॉ. जगदीश मिश्र, डॉ. अरविंद कुमार सिंह झा आ तन्नू झा द्वारा डॉ. मंत्रनाथझा हंसराजक लिखल बारहटा पोथीक संकलन हंसराज-समग्रक लोकार्पण कएल गेल। डॉ. सुधीर कुमार झाद्वारा संपादित एहि पोथीक सह-संपादक डॉ. अरविंद कुमार सिंह झा आ अजित आजाद छथि। ओतहि मतिनाथ मिश्र मतंगक



रचना ठहक्का आ मोहनाथ कैलाशी लिखित एम्हर अन्हरिया ओम्हर इजोतक सेहो लोकार्पण भेल। कार्यक्रम मे डॉ. शशिनाथ झा, डॉ. विद्यानंद झा, डॉ. केदारनाथ झा, शिवशंकर श्रीनिवास,उदय कुमार झा, डॉ. शिवानंद झा, डॉ. अरविंद कुमार सिंह झा, अमल कुमार झा सहित विभिन्न विद्वान्हंसराज आ डॉ. सुधीर कुमार झाक साहित्यिक अवदान पर विस्तृत विवेचन-विश्लेषण कएलनि। आगतअतिथि सभक स्वागत मे स्वागत गीत प्रमोद कुमार पासवान प्रस्तुत कएलनि। डॉ. अनुराग मिश्र मंचसंचालन कएलनि। कार्यक्रमक अंत मे साहित्यिकीक पूर्व अध्यक्ष डॉ. सदन मिश्रक आकस्मिक निधन पर हुनकर व्यक्तित्व आ कृतित्वक चर्चा कएल गेल। हुनकर स्मृति मे दू मिनट मौन धारण कए श्रद्धांजलिअर्पित कएल गेल।

# पंचायत समिति सदस्यक आकस्मिक निधन

बिस्फी, समदिया

बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक परसौनी उत्तरी पंचायतक परसौनी गाम निवासी वर्तमान पंचायत समिति सदस्य सहसमाजसेवी किशुन ठाकुरक सोमदिन हृदय गति रुकि गेला सं निधन भए गेल। ओ 54 वर्षक छलाह।हुनका पाछां तीन पुत्र, एक पुत्री सहित भरल-पूरल परिवार अछि।हुनकर निधनक सूचना भेटिते प्रखंड प्रमुख रीता कुमारी, बीडीओ बसंत कुमार सिंह, समिति सदस्य उमेश यादव, ललित यादव, रंजीत यादव, समाजसेवी मदन यादव, आनंद यादव, सुनील कुमार राम सहित कतेकोजनप्रतिनिधि हुनकर आवास पर पहुंचि पुष्पांजलि अर्पित कए श्रद्धांजलि देलनि। सभ गोटे



दिवंगतआत्माक शांतिक लेल ईश्वर सं प्रार्थना करैत शोकाकुल परिवार कें एहि अपार दुःख कें सहबाक शक्तिदेबाक कामना कएलनि।हुनकर निधन सं संपूर्ण प्रखंड क्षेत्र मे शोकक लहर पसरि गेल अछि। प्रखंड प्रमुख रीता कुमारी श्रद्धांजलिअर्पित करैत कहलनि जे किशुन ठाकुर शांत, सरल आ मिलनसार स्वभावक व्यक्ति छलाह। सामाजिककार्य मे हुनकर सक्रिय भूमिका रहल आ लोकक बीच मधुर व्यवहारक लेल ओ परिचित छलाह। क्षेत्रक विकासक लेल सेहो ओ सदिखन सक्रिय रहैत छलाह। हुनकर निधन सं एकटा नीक समाजसेवी आ पंचायत जनप्रतिनिधि कें असमय खो देल गेल अछि। शोक संवेदना व्यक्त कएनिहार मे सांसद प्रतिनिधिविष्णुदेव सिंह यादव, मुखिया संघक अध्यक्ष सतीश प्रसाद मेहता, सरपंच संघक अध्यक्ष मो. रहमत आलम,पंचायतक मुखिया अनिता कुमारी, सरपंच मुद्रिका देवी, पूर्व सरपंच संजीव कुमार झा सहित कतेको लोकसम्मिलित छथि।

# झंझारपुर मे गैस कटर सं बैंकक एटीएम काटि 3.08 लाख लए अपराधी फरार

## सीसीटीवी पर स्प्रे कए काटलक एटीएम, शहर मे पहिल बेर एहन पैघ वारदात

झंझारपुर, समदिया

झंझारपुर शहर मे अपराधी पुलिस कें खुलल चुनौती दैत पैघ वारदात कें अंजाम देलक अछि। शहरक मुख्य मार्ग पर लंगड़ा चौक स्थित आईडीबीआई बैंकक एटीएम कें गैस कटर सं काटि अपराधी 3 लाख 8 हजार रुपैया लए फरार भए गेल। घटना रविदिन राति सं सोमदिन भोर करीब 3 बजकर 15 मिनट बीचक बताओल जा रहल अछि। झंझारपुर मे एटीएम काटि चोरीक ई पहिल घटना अछि। घटना बाद शहर मेदहशतक माहौल अछि। बैंक खुललाक बाद प्रबंधक एटीएमक जांच करबाक लेल पहुंचलाह, तखन घटनाकखुलासा भेल। बैंकक गार्ड एटीएमक शटर उठौलनि आ अधिकारी भीतर गेलाह तं एटीएमक चेस्ट कटलेल छल आ कैश बॉक्स खाली छल। एकर बाद प्रबंधक तत्काल पुलिस कें सूचना देलनि। आईडीबीआई बैंकक प्रबंधक राकेश कुमार झा



कहलनि जे सीसीटीवी फुटेजक अनुसार सोमदिन भोर 3 बजकर 15 मिनट पर अपराधी चारपहिया वाहन सं एटीएम लग पहुंचल आ गाड़ी ठाढ़ कएलक। एक अपराधी बाहर निगरानी करैत रहल, जखन कि दोसर अपराधी मुंह पर मास्क आ पूरा शरीर पर उज्जर कपड़ा लपेटने एटीएमक भीतर प्रवेश कएलक।भीतर गेलाक बाद अपराधी सब सं पहिने सीसीटीवी कैमरा पर कोनो रासायनिक पदार्थक स्प्रे कएलक, जाहि सं ओकर पहचान नहि भए सकय। एकर बाद गैस कटर सं एटीएमक चेस्ट काटि भीतर राखल 3लाख 8 हजार रुपैया निकालि फरार भए गेल। पूरा वारदात महज किछु मिनट मे अंजाम देल गेल। प्रबंधक बतौलनि जे शनिदिन एटीएम मे 7 लाख रुपैया राखल गेल छल। ओहि मे सं 3 लाख 92 हजार रुपैयानिकासी भए गेल छल आ शेष 3 लाख 8 हजार रुपैया एटीएम मे मौजूद छल, जे अपराधी लए गेल।हुनका अनुसार एटीएम मे लागल सेंसर आ अलार्म सिस्टम काम नहि कएल अथवा अपराधी सभ ओकरा निष्क्रिय कए देलक, एकर जांच कएल जा रहल अछि। बैंक प्रबंधन द्वारा वरीय अधिकारी आ पुलिस कें घटनाक संबंध मे पूरा जानकारी देल गेल अछि। ई घटना झंझारपुरक व्यस्ततम इलाका मे भेल अछि। उक्त एटीएम एनएच-27 सं झंझारपुर रेलवे स्टेशन, लखनौर आ मधेपुर दिस जायवला मुख्य सड़क पर स्थित अछि। एहि सड़क पर चौबीसो घंटा हजारो छोट-पैघ वाहनक आवागमन होइत अछि। एकरा बावजूद अपराधी बेखौफ भए गाड़ी ठाढ़ कए घटना कें अंजाम देलक, जाहि सं पुलिसक रात्रि गश्ती पर सेहो सवाल उठि रहल अछि। सूचना भेटिते झंझारपुर थानाध्यक्ष सुनील कुमार सिंह आ अपर थानाध्यक्ष बिहारी आलम दलबल सहित घटनास्थल पर पहुंचि जांच-पड़ताल शुरू कएलनि। थानाध्यक्ष कहलनि जे बैंक प्रबंधनक आवेदन पर अज्ञात चोरक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज कएल गेल अछि। घटनास्थलक आसपास लागल सीसीटीवी कैमरेक फुटेज खंगारल जा रहल अछि आ अपराधी सभक पहचान करबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। फॉरेंसिक टीम कें सेहो बजाओल गेल अछि। स्थानीय लोकक कहब अछि जे राति मे एहि मुख्य सड़क पर पुलिसक गश्ती बढ़ाओल जेबाक चाही। एटीएम पर गार्डक तैनाती नहि छल, जाहि कारण अपराधी एकर लाभ उठौलक। पुलिसक कहब अछि जे अपराधी सभ कें शीघ्र गिरफ्तार कए लेल जायत।

# मध्याह्न भोजन पर संकट, 5 मास सं नहि भेटल राशि

## राशिक अभाव मे विद्यालय मे भोजन संचालन प्रभावित

बिस्फी, समदिया

बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक सभ प्रारंभिक विद्यालय मे संचालित मध्याह्न भोजन योजना (एमडीएम) पर संकटगहराबय लागल अछि। योजना मदक राशि विगत करीब 5 मास सं नहि भेटलाक कारण विद्यालय मेमध्याह्न भोजनक संचालन प्रभावित होयबाक स्थिति उत्पन्न भए गेल अछि। एहि संबंध मे सोमदिन प्रधानाध्यापक मनोज कुमार मंडलक अध्यक्षता मे एकटा ज्ञापन बीडीओ सह बीईओ बसंत कुमार सिंह कें देल गेल। प्रधानाध्यापक मनोज कुमार मंडल कहलनि जे करीब 5 मास सं योजनाक राशि नहि भेटलाककारण विद्यालय मे भोजन संचालन प्रभावित होयबाक स्थिति बनि गेल अछि। प्रधानाध्यापक सभक कहब अछि जे लगातार राशि नहि भेटलाक कारण हुनका सभक आर्थिक स्थिति चरमरा गेल अछि।ओतहि किराना दुकानदार सभ सेहो दीर्घ समय सं बकाया भुगतान नहि भेलाक कारण आब उधार मे सामग्री देबासं हाथ खींचि रहल छथि। दुकानदार सभक कहब



अछि जे लंबा समय धरि उधार मे सामान देला सं हुनका सभक कारोबार प्रभावित भए रहल अछि। समय पर भुगतान नहि भेलाक कारण अपन व्यापारी सभक भुगतान करबा मे सेहो कठिनाइ होइत अछि। एहन स्थिति मे चाहितो विद्यालय सभ कें लगातार उधार मे सामग्री उपलब्ध करायब हुनका सभ लेल संभव नहि भए रहल अछि। मौका पर प्रधानाध्यापक देवनारायण पासवान, राजीव कुमार, गुंजा कुमारी, रिंकू कुमारी, लीला कुमारी, बेबी कुमारी, भारती कुमारी, सुबोध राम सहित कई शिक्षक आ संगठनक प्रतिनिधि उपस्थित छलाह। सभ गोटे एमडीएम योजनाक बकाया राशि शीघ्र उपलब्ध करयबाक मांग कएलनि।

# ब्लैक स्पॉटक गंदगी होयत दूर

## स्थानीय लोक सेहो बढ़ौलनि सहयोगक हाथ

मधुबनी, समदिया

स्वच्छता ही सेवा कार्यक्रमक अंतर्गत जिला मे स्वच्छताक प्रति जागरूकता बढ़ेबाक आ स्वच्छ वातावरणक निर्माण लेल लगातार विभिन्न गतिविधिक आयोजन कएल जा रहल अछि। एहि क्रम मेमधुबनी शहरक अत्यधिक गंदगीवला क्षेत्र सभ कें ब्लैक स्पॉटक रूप मे चिह्नित कए ओतय विशेषस्वच्छता अभियान चलाओल जा रहल अछि। एहि क्रम मे सोमदिन नगर निगम, मधुबनी द्वारा वार्डसंख्या-18क रांटी स्थित चिह्नित ब्लैक स्पॉट क्षेत्र सभ मे पैघ स्तर पर सफाई अभियान चलाओल गेल।अभियानक दौरान नगर निगमक सफाइकर्मी सभ चिह्नित स्थल सं कचरा आ गंदगी साफ कएआसपासक क्षेत्र कें स्वच्छ बनौलनि। स्वच्छता अभियान मे नगर निगमक सफाइकर्मी सभक संग स्वच्छता साथी आ स्थानीय नागरिको सक्रिय रूप सं सहभागिता देलनि। एहि दौरान



स्वच्छता साथी सभ स्थानीय लोकनि कें स्वच्छता अभियान मे सक्रिय भागीदारी करबाक आ अपन आसपासक क्षेत्र कें साफ-सुथरा रखबाक लेल प्रेरित कएलनि। मौका पर उपस्थित स्वच्छता साथी

**» स्वच्छता ही सेवा अभियानक अंतर्गत सफाई जारी**

अविनाश चौधरी, मिनातुल्लाह, कन्हैया कुमार, इंद्रदेव यादव आ कुलदीप रामस्थानीय लोकनि सं स्वच्छताक प्रति सजग रहबाक अपील कएलनि। हुनका सभ लोकनि कें कचराकउचित निस्तारण करबाक, सार्वजनिक स्थल पर गंदगी नहि पसारबाक आ अपन आसपासक क्षेत्रक स्वच्छता बनौने रखबाक लेल प्रेरित कएलनि। स्वच्छता ही सेवा अभियानक अंतर्गत जिला मे चिह्नितब्लैक स्पॉट क्षेत्रक नियमित सफाइक संग आम लोकनि कें स्वच्छताक प्रति जागरूक करबाक पर सेहो विशेष जोर देल जा रहल अछि। अभियानक उद्देश्य सामूहिक सहभागिताक माध्यम सं शहर कें स्वच्छ आ सुंदर बनेबाक संग स्वच्छता कें जन-अभियानक रूप देब अछि।

# प्रो. डॉ. सदन मिश्रक निधन सं शिक्षा आ साहित्य जगत् मे अपूरणीय क्षति

मधुबनी, समदिया

प्रख्यात शिक्षाविद्, साहित्यकार आ कुशल प्रशासक प्रो. डॉ. सदन मिश्रक निधन सं सरिसब-पाही सहितशिक्षा, साहित्य आ सामाजिक क्षेत्र मे शोकक लहर पसरि गेल अछि। हुनकर निधन कें क्षेत्रक बौद्धिक आशैक्षणिक जीवनक अपूरणीय क्षति मानल जा रहल अछि। डॉ. सदन मिश्र अपन अध्यापन जीवनक शुरुआत पूसा सं केने छलाह। बरख 1959 मे सरिसब-पाही मे महाराज लक्ष्मीश्वर सिंह महाविद्यालयकस्थापना भेलाक बाद ओ महाविद्यालय आ विश्वविद्यालयीय शिक्षा सं जुड़लाह आ शीघ्रे एकटा प्रभावशालीप्राध्यापकक रूप मे अपन विशिष्ट पहचान बनौलनि। महाविद्यालयक प्राचार्यक रूप मे सेहो ओ अकादमिक प्रशासनक क्षेत्र मे महत्वपूर्ण काज कएलनि आ संस्थान कें नव दिशा देलनि। शिक्षाक संग साहित्य हुनकर जीवनक महत्वपूर्ण पक्ष रहल।



हिंदी आ मैथिली मे हुनकर कतेको शोध-पत्र प्रकाशित भेल। ओ कतेको साहित्यिक पोथी आ स्मारिकाक संपादन कएलनि। नाटक, कथा आ अन्य साहित्यिक विधाकक्षेत्र मे सेहो हुनकर महत्वपूर्ण योगदान रहल। हुनकर साहित्यिक आ शोधपरक काज हुनकर व्यापक विद्वत्ता आ रचनात्मक दृष्टिक परिचायक रहल। हुनकर पैघ उपलब्धि मे हुनका द्वारा तैयार कएल गेल शिष्यक समृद्ध पीढ़ी सेहो उल्लेखनीय अछि। हुनकर कतेको विद्यार्थी आगू चलि शिक्षा, साहित्य आ विभिन्न क्षेत्र मे प्रतिष्ठित भेलाह। विद्यार्थीक प्रतिहुनकर स्नेह, विषय पर गहींर पकड़ आ कठिन विषय कें सरल ढंग सं बुझयबाक क्षमता हुनका लोकप्रियआ आदरणीय गुरु बनौने छल। ओ एनसीसीक वरिष्ठ अधिकारी सेहो रहलाह आ राष्ट्रसेवा सं जुड़लदायित्वक निष्ठापूर्वक निर्वहन कएलनि। सामाजिक, सांस्कृतिक, धार्मिक आ आध्यात्मिक गतिविधि मे सेहो हुनकर सक्रिय सहभागिता रहल। प्रभावशाली वक्तृत्व, सहज व्यवहार, शालीनता आ मृदुभाषिता हुनकरव्यक्तित्वक विशिष्ट पहचान छल। दशक धरि ओ अपन परिजन, विद्यार्थी आ सहकर्मी सभ कें स्नेह आ मार्गदर्शन दैत रहलाह। हुनकर निधन सं सरिसब-पाही एक एहन शिक्षक, साहित्यकार, मार्गदर्शक आबहुआयामी व्यक्तित्व कें गमा देलक अछि, जिनकर स्मृति शिक्षा आ साहित्य जगत् मे दीर्घकाल धरि जीवित रहत।

# इंटर्नशिप परीक्षाक लेल छात्र सभ कें देल गेल प्रशिक्षण



मधुबनी, समदिया

लदनियां प्रखंडक खाजेडीह स्थित एसएमजे कॉलेजक सभागार मे सोमदिन प्राचार्य डॉ. शशिभूषण कुमारक देखरेख मे ओरिएंटल कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रम मे पंचम सेमेस्टरक छात्र सभ कें इंटर्नशिप सं संबंधित विभिन्न विषयक जानकारी देल गेल। एहि मे बीए, बीएससी आ बीकॉमक छात्र सभ भाग लेलनि। प्रशिक्षक सभ सीबीसीएसक अंतर्गत होयवला इंटर्नशिप कार्यक्रम मे छात्र सभ द्वारा तैयार करबाक परियोजना सं संबंधित कार्य, मौखिक रूप सं पूछल जायवला प्रश्न आ ओहि मे भेटयवला ग्रेडकसंबंध मे विस्तार सं जानकारी देलनि। छात्र सभ सेहो अपन जिज्ञासा आ शंका दूर करबाक लेल प्रश्न पूछलनि। मौका पर प्रो. हरिनारायण यादव, प्रो. गौरीशंकर कामत, प्रो. रामबालक सिंह, प्रो. अजय कुमार, प्रो. कामानंद प्रसाद, प्रो. रामाशीष सिंह, प्रो. रामप्रकाश सिंह, प्रो. शंभूनाथ यादव, प्रो. नसीबलाल सिंह, प्रो. भोगेंद्र सिंह, प्रो. उपेंद्र कुमार सिंह, प्रो. शंभूनाथ झा, प्रो. लुचाई सिंह, प्रो. दिलीप कुमार, प्रो. अशोक प्रसाद, प्रो. राघवेंद्र ठाकुर, अशोक कुमार, बेचन कामत, केशवर सिंह, संजय कुमार सिंह सहित अन्य उपस्थित छलाह।

# मधुबनीक बेटी रुचि वुशू मे जीतलनि स्वर्ण पदक

## 60 किलो भारवर्ग मे स्वर्ण जीतला सं राष्ट्रीय वुशू प्रतियोगिताक लेल चयन

मधुबनी, समदिया

16म बिहार राज्य महिला आ पुरुष सीनियर वुशू प्रतियोगिता मे मधुबनीक बेटी रुचि कुमारी स्वर्ण पदकजीति कए जिला कें गौरवान्वित केने छथि। पश्चिम चंपारणक बेतिया स्थित खेल भवन मे 19 सं 20 सितंबर 2026 धरि आयोजित राज्यस्तरीय वुशू प्रतियोगिता मे रुचि महिला 60 किलो भारवर्ग मे स्वर्ण पदक अपन नाम कएलनि। मौका पर मधुबनी जिला वुशू संघक महासचिव सन्नी कुमार कहलनि जे प्रतियोगिता मे मधुबनी जिला सं चारि वुशू खेलाड़ी भाग लेने छलाह। महिला 60 किलो भारवर्ग मे रुचि कुमारी स्वर्ण पदक जीतलनि। ओतहि पुरुष 60 किलो भारवर्ग मे विक्रमजीत कुमार रजत पदक प्राप्तकएलनि। 52 किलो भारवर्ग मे रूपेश कुमार आ 56 किलो भारवर्ग मे रंजीत कुमार सेहो प्रतियोगिता मेहिस्सा लेलनि। संघक महासचिव कहलनि जे मधुबनी जिलाक लेल ई गौरवक क्षण अछि जे स्वर्ण पदक विजेता रुचि कुमारीक चयन राष्ट्रीय वुशू प्रतियोगिताक लेल कएल गेल अछि। हुनकर कहब छलनि जे रुचिक मेहनत, लगन आ निरंतर अभ्यासक परिणाम अछि जे ओ एहि मुकाम धरि पहुंचि सकल छथि। रुचिक उपलब्धि पर जिला वुशू



संघक अध्यक्ष सह राष्ट्रीय युवा पुरस्कार विजेता मन्टू कुमार, महासचिव सन्नी कुमार, कोषाध्यक्ष ज्योति कुमारी, सदस्य अमित कुमार चौधरी, उमेश कुमार मंडल, ललित कुमार, मो. प्रवेज आलम, मो. जावेद, छोटू कुमार, जय किशन कुमार आ मिथुन कुमार सहित जिलाक कतेको गणमान्य लोकनि सभखेलाड़ी आ प्रशिक्षक कें शुभकामना देलनि।

# सारेगामापाक मंच पर सहरसाक श्रद्धा श्री बिखेरलनि सुरक जादू

» अंतिम 12 मे बनौलनि स्थान, दमदार प्रस्तुति सं कुमार शानू, शंकर महादेवन सहित दिग्गज भेला श्रद्धा श्री सं प्रभावित



सहरसा, समदिया

संगीत क्षेत्र मे सहरसाक नवोदित गायिका श्रद्धा श्री राष्ट्रीय स्तर पर अपन पहचान बनेबाक दिस आगू बढ़ि रहल छथि। प्रसिद्ध संगीत कार्यक्रम सा रे गा मा पाक मंच पर शानदार प्रस्तुति दए श्रद्धा आखरी 12 प्रतिभागी मे अपन स्थान सुनिश्चित केने छथि। रविदिन प्रसारित कार्यक्रम मे हुनकर दमदार गायिकी सं कार्यक्रमक निर्णायक प्रसिद्ध पार्श्वगायक कुमार शानू, शंकर महादेवन, जावेद अली आ नीति मोहन सहित उपस्थित दर्शक सेहो प्रभावित भेलाह। संगीतक समृद्ध विरासतवला परिवार सं जुड़ल श्रद्धा श्री बचपनहि सं गायिकी कें अपन लक्ष्य बना लेने छलथि। हुनकर प्रतिभाक परिचय एहि सं पहिने सेहो विभिन्न मंच पर भेटैत रहल अछि। ओ प्रतिष्ठित आई-जीनियस प्रतियोगिता मे विजेता बनि प्रसिद्धसंगीतकार सलीमक हाथे पुरस्कार प्राप्त केने छलथि। एकर बाद अनुबंधक अंतर्गत सिंगापुरक एकटा संगीत एलबम लेल रिकॉर्डिंग सेहो केने छलथि। सहरसा न्यू कॉलोनी निवासी कृषि विभाग सं सेवानिवृत्त भृगुनंदन ठाकुरक पौत्री श्रद्धा कें संगीतक संस्कार परिवारहि सं भेटल अछि। हुनकर नाना श्री भागवतमिश्र वियोगी बिहार सरकारक सूचना आ जनसंपर्क विभाग मे प्रसिद्ध गायकक रूप मे कार्यरत रहलाह।ओतहि बिहारक चर्चित गायिका र जना झा हुनकर पैघ मौसी छथि। श्रद्धाक चाचा संजय ठाकुर आ हेमंत ठाकुर सेहो संगीत क्षेत्र मे सक्रिय रहल छथि। बरख 2012 मे लाइफ ओके पर प्रसारित रियलिटी शो हिंदुस्तान के हुनरबाज मे सेहो श्रद्धा अपनप्रतिभाक प्रदर्शन केने छलथि। परिवारक अन्य सदस्य सभ मे अमृतराज ठाकुर आ निखिल ठाकुर देश- विदेशक विभिन्न मंच पर प्रस्तुति दैत छथि, जखन कि हुनकर फूफा गोविंद प्रसन्न सरस्वती प्रसिद्धसंगीतकार छथि। श्रद्धाक पिता राज कुमार ठाकुर आ माता वंदना ठाकुर छथि। हुनकर माता दिल्लीक एकटा प्रतिष्ठितविद्यालय मे संगीत शिक्षिका छथि आ श्रद्धाक संगीत प्रतिभा कें निखारय मे हुनकर महत्वपूर्ण योगदान रहल अछि। दिल्ली विश्वविद्यालय सं अंग्रेजी मे स्नातक श्रद्धा श्री वर्तमान मे दिल्ली मे रहि देश-विदेश मे मंचीय प्रस्तुति दैत छथि। सहरसा सन छोट शहर सं निकलि राष्ट्रीय मंच धरि पहुंचली श्रद्धा सं कोसी-मिथिलांचलक लोकनि कें आब सा रे गा मा पा मे आगू सेहो शानदार प्रस्तुति केर अपेक्षा अछि।

# हृदय रोग सं पीड़ित तीन बच्चा निःशुल्क उपचार लेल अहमदाबाद विदा

## राष्ट्रीय बाल स्वास्थ्य कार्यक्रमक अंतर्गत होयत आवश्यक उपचार आ शल्य चिकित्सा

अररिया, समदिया




जिला मे हृदय रोग सं पीड़ित तीन बच्चा कें निःशुल्क उपचार आ आवश्यक शल्य चिकित्सा लेल राष्ट्रीयबाल स्वास्थ्य कार्यक्रमक अंतर्गत सोमदिन जिला पदाधिकारी अररिया विनोद दूहन अहमदाबाद स्थित श्री सत्य साईं अस्पताल लेल विदा केलनि।विदा कएल गेल तीन बच्चा मे सं दू बच्चा नरपतगंज प्रखंडक आ एक बच्चा रानीगंज प्रखंडक अछि। एहिबच्चा सभक हृदय रोग सं संबंधित आवश्यक उपचार आ ऑपरेशन बिहार सरकारक सहयोग सं निःशुल्क कएल जायत। बच्चा आ हुनकर परिजनक सुविधा कें ध्यान मे रखैत अररिया सं पटना धरि निःशुल्क एंबुलेंस सेवा उपलब्ध कराओल गेल अछि। पटना सं अहमदाबाद धरि बच्चा सभ कें निःशुल्क हवाई यात्रा कराओल जायत। अहमदाबाद मे उपचारक दौरान बच्चा आ हुनकर परिजनक रहबाक आ भोजनकव्यवस्था सेहो निःशुल्क रहत। एकर अतिरिक्त आवश्यक जांच, चिकित्सकीय उपचार आ ऑपरेशन सं संबंधित खर्च सेहो योजनाक अंतर्गत निःशुल्क उपलब्ध कराओल जायत। एहि अवसर पर जिला पदाधिकारीकहलनि जे राष्ट्रीय बाल स्वास्थ्य कार्यक्रमक उद्देश्य बच्चा मे जन्मजात आ अन्य स्वास्थ्य संबंधीसमस्या कें समय पर चिन्हित कए आवश्यक उपचार उपलब्ध करेनाइ अछि। आर्थिक रूप सं कमजोर परिवारक बच्चा कें नीक स्वास्थ्य सुविधा उपलब्ध करेनाइ जिला प्रशासनक प्राथमिकता मे शामिल अछि, जाहि सं आर्थिक कठिनाई हुनकर उपचार मे बाधा नहि बनय। जिला प्रशासन आ स्वास्थ्य विभागक समन्वित प्रयास सं एहि बच्चा सभ कें विशेषज्ञ चिकित्सकीयसुविधा उपलब्ध कराओल जा रहल अछि। उपचार आ ऑपरेशनक दौरान आवश्यक सहयोग आ समन्वय सुनिश्चित कएल जायत।

# गांडिवेश्वर स्थान मे 18 दिसंबर कें सवा करोड़ पार्थिव शिवलिंग पूजन आ हवन

## समिति सदस्य गाम-गाम घूमि श्रद्धालु कें दए रहल जानकारी

बेनीपट्टी, समदिया




विश्वकल्याण, लोकमंगल, सुख-शांति आ जनकल्याणक मंगलकामना कें लए कए शिवनगर स्थित महाभारतकालीन प्रसिद्ध गांडिवेश्वर स्थान मे श्री श्री 1008 सवा करोड़ पार्थिव शिवलिंग पूजन आ हवनकभव्य धार्मिक आयोजन कएल जायत। निर्धारित कार्यक्रमक अनुसार ई विशेष धार्मिक अनुष्ठान 18 दिसंबर, शुक्रदिन होयत। आयोजन कें लए कए शिवभक्त आ श्रद्धालु सभ मे उत्साहक वातावरण अछि।ई धार्मिक अनुष्ठानक आयोजन सवा करोड़ पार्थिव शिवलिंग पूजा समिति, गांडिवेश्वर स्थानक दिस संकएल जा रहल अछि। आयोजन कें सफल बनेबाक लेल कांवरिया संघ शिवनगर, बसैठ, चानपुरा, रानीपुर आ पालीक संयुक्त सहयोग आ सहभागिता रहत। आयोजन समितिक अनुसार सवा करोड़ पार्थिव शिवलिंग पूजन आ हवनक उद्देश्य मात्र धार्मिक अनुष्ठान धरि सीमित नहि अछि। एकर माध्यम सं विश्वकल्याण, लोकमंगल, सुख-शांति, समृद्धि आ सर्वजनक कल्याणक मंगलकामना कएल जायत। भगवान शिवक आराधना, पार्थिव शिवलिंग पूजन आ हवनक माध्यम सं श्रद्धा, भक्ति आ आध्यात्मिक वातावरण बनेबाक प्रयास कएल जायत। धार्मिक आयोजन कें लए कए आयोजन समिति आ बोलबम कांवरिया संघक सदस्य क्षेत्र मे जनसंपर्क अभियान चलबैत श्रद्धालु, शिवभक्त आ सनातन धर्मावलंबी सं बेसी सं बेसी संख्या मे गांडिवेश्वर स्थान पहुंचेबाक अपील कए रहल छथि। आयोजक कें उम्मीद अछि जे कार्यक्रम मे शिवनगर सहित आसपासक विभिन्न गाम आ दूर-दराजक क्षेत्र सं सेहो पैघ संख्या मे श्रद्धालु पहुंचताह।श्रद्धालुक संभावित भीड़ कें देखैत आयोजन समिति आ सहयोगी संगठनक दिस सं आवश्यक तैयारी कएल जा रहल अछि। गांडिवेश्वर स्थान मे होमय जा रहल एहि विशेष धार्मिक कार्यक्रम कें लए कए आयोजन समिति आ सहयोगी कांवरिया संघक स्तर पर तैयारी मे तेजी आनि देल गेल अछि। आयोजन कें व्यवस्थित आ श्रद्धापूर्ण वातावरण मे संपन्न करबाक लेल विभिन्न स्तर पर आवश्यक व्यवस्था कएल जा रहल अछि। समिति सं जुड़ल लोक श्रद्धालु धरि कार्यक्रमक जानकारी पहुंचाबैत हुनका सभ कें आयोजन मे शामिल होयबाक लेल आमंत्रित सेहो कए रहल छथि। धार्मिक अनुष्ठान कें सफल बनेबाक लेल स्थानीय श्रद्धालु आ शिवभक्तक सहभागिता सेहो महत्वपूर्ण रहत।सनातन धार्मिक परंपरा मे भगवान शिवक आराधना आ पार्थिव शिवलिंग पूजनक विशेष महत्व मानलजाइत अछि। एहि कारण गांडिवेश्वर स्थान पर आयोजित होमय जा रहल श्री श्री 1008 सवा करोड़ पार्थिवशिवलिंग पूजन आ हवन शिवनगर आ आसपासक क्षेत्र लेल महत्वपूर्ण धार्मिक आयोजन मानल जा रहल अछि। आयोजनक माध्यम सं सामूहिक रूप सं भगवान शिवक आराधना करैत विश्व मे सुख-शांति आ जनकल्याणक मंगलकामना कएल जायत।

# आचार्य रमानाथ झाक 121म जयंती पर व्यक्तित्व-कृतित्व पर विमर्श

## गसाहित्य, व्याकरण आ मैथिली साहित्यक विकास मे हुनकर योगदान महत्वपूर्ण छनि : वक्ता



मनीगाछी, समदिया

प्रखंडक उजान स्थित किरण मैथिली साहित्य शोध संस्थान, धर्मपुर उजान परिसर मे सोमदिन प्रख्यात विद्वान आ साहित्यकार आचार्य रमानाथ झाक 121म जयंती समारोहपूर्वक मनाओल गेल। कार्यक्रमकअध्यक्षता डॉ. जयानंद मिश्र केलनि, जखन कि संचालन डॉ. सती रमन झा केलनि।समारोहक मुख्य अतिथि प्रो. अशरफी कामत अपन संबोधन मे कहलनि जे आचार्य रमानाथ झाकव्यक्तित्व आ कृतित्व सं वर्तमान युवा पीढ़ी कें प्रेरणा लेबाक चाही। साहित्य, व्याकरण आ मैथिली साहित्यक विकास मे हुनकर योगदान महत्वपूर्ण रहल अछि, जकरा कखनो बिसरल नहि जा सकैत अछि। विशिष्ट अतिथि पंडित काशीनाथ झा 'किरण' सेहो आचार्य रमानाथ झाक साहित्यिक अवदान पर विस्तारसं प्रकाश देलनि। एहि अवसर पर उपस्थित अतिथि सभ हुनकर तैलचित्र पर माल्यार्पण कए श्रद्धा-सुमन अर्पित केलनि आ हुनकर व्यक्तित्व एवं कृतित्व पर अपन विचार व्यक्त केलनि।स्वागत भाषण प्रो. केदारनाथ झा केलनि। सरोज कुमार ठाकुर वंदना सह कविता पाठ प्रस्तुत केलनि। समारोह मे डॉ. अरुण साफी, दयानंद मिश्र, सुनील दत्त झा, शंकर कुमार मिश्र सहित अन्य साहित्यप्रेमी आ गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

# 251 लीटर विदेशी शराबक संग तस्कर गिरफ्तार, कार जब्त

» वाहन जांचक दौरान महिषी पुलिसक कारबाइ, आरोपीक विरुद्ध प्राथमिकी दर्ज



सहरसा, समदिया

जिला मे पुलिस अधीक्षक विक्रम सिहागक निर्देश पर अवैध शराबक निर्माण, बिक्री, भंडारण आ परिवहनक विरुद्ध चलाओल जा रहल अभियानक अंतर्गत महिषी थाना पुलिस कें पैघ सफलता भेटल अछि। पुलिस251.640 लीटर विदेशी शराबक संग एक तस्कर कें गिरफ्तार केलक अछि। एहि दौरान शराब परिवहन मेप्रयुक्त मारुति सुजुकी कार सेहो जब्त कएल गेल। जानकारी अनुसार, 20 सितंबरक सांझ महिषी थाना पुलिस कें गुप्त सूचना भेटल जे बनगांव भारतमाला रोड सं महिषी गाम दिस एकटा उजर रंगक कार संअवैध शराबक परिवहन कएल जा रहल अछि। सूचना सत्यापन आ आवश्यक कारबाइ लेल महिषी थाना पुलिस आ तकनीकी टीम महिषी विश्वकर्मा चौकक लग वाहन जांच शुरू केलक। एहि दौरान पुलिस कें देखिते एकटा कार चालक वाहन छोड़ि कए भागबाक प्रयास केलक। सशस्त्र बलक सहयोग सं पुलिस ओकरा पकड़ि लेलक। पूछताछक क्रम मे ओकर पहचान नंदलाल पांडेय, पिता स्व.ठाकुर पांडेय, निवासी सिमरिया, थाना चकाई, जिला जमुईक रूप मे भेल। वाहनक तलाशी लेल गेल तंओकरा मे सं 251.640 लीटर विदेशी शराब बरामद भेल। पुलिस शराब आ मारुति सुजुकी कार जब्तकरैत आरोपी कें गिरफ्तार कए लेलक। मामिला मे महिषी थाना कांड संख्या 230/2026, दिनांक 20 सितंबर 2026क अंतर्गत प्राथमिकी दर्ज कए अग्रेतर कारबाइ कएल जा रहल अछि। छापेमारी दल मेथानाध्यक्ष प्रभाकर भारती, प्रशिक्षु पुलिस अवर निरीक्षक राकेश कुमार शर्मा आ सशस्त्र बलक जवान शामिल छलाह।

# जर्मनीक फ्रैंकफर्ट मे पहिल बेर भेल महाकवि विद्यापति समारोह

## मिथिलाक भाषा, साहित्य आ सांस्कृतिक परंपराक गूंज यूरोप धरि पहुंचल

सहरसा, समदिया



मिथिलांचलक समृद्ध भाषा, साहित्य आ सांस्कृतिक परंपराक गूंज आब यूरोप धरि पहुंचि गेल अछि। एहि क्रम मे जर्मनीक फ्रैंकफर्ट स्थित सालबाउ गैलुस मे रविदिन पहिल बेर महाकवि विद्यापति समारोह-2026क भव्य आयोजन कएल गेल। इंटरनेशनल मैथिल डायस्पोरा (आईएमडी), जर्मनीक तत्वावधान मेआयोजित एहि समारोह मे यूरोपक विभिन्न देश मे रहैत मैथिल परिवारक लोक उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। कार्यक्रमक सम्मानित अतिथि फ्रैंकफर्ट मे भारतक महावाणिज्यदूत राजीव कुमार उपस्थित छलाह आ ओ समारोह कें संबोधित केलनि। आयोजनक उद्देश्य मिथिला आ भारतक भाषा, साहित्य, कला, संगीत आसांस्कृतिक विरासत कें वैश्विक मंच पर स्थापित करब आ आगांक पीढ़ी धरि एकरा संरक्षित आ संवर्धित करब रहल। समारोह मे मैथिली लोकसंगीत, पारंपरिक मिथिला प्रस्तुति, भारतीय शास्त्रीय संगीत, विद्यापति भजन, कविता आ साहित्यिक प्रस्तुति, भारतीय इतिहासक झलक तथा समकालीन भारतीय नृत्य विशेषआकर्षणक केंद्र रहल। एहि अवसर पर फ्रैंकफर्ट ब्लूज बैंडक संगीत प्रस्तुति सेहो दर्शक कें मंत्रमुग्ध कए देलक।एहि अवसर पर मिथिला प्रभा पत्रिकाक विमोचन सेहो कएल गेल। आयोजक सभ एकरा मिथिलाक समृद्ध संस्कृति आ महाकवि विद्यापतिक साहित्यिक विरासत कें वैश्विक स्तर पर प्रचारित करबाक महत्वपूर्णपहल बतौलनि।समारोह प्रवासी मैथिल कें अपन सांस्कृतिक जड़ि सं जोड़बाक संग-संग भेद-सांस्कृतिक संवाद आ आदान- प्रदानक अवसर सेहो प्रदान केलक। यूरोपक धरती पर महाकवि विद्यापतिक विरासत कें सम्मान देब मैथिल समाज लेल गौरवक क्षण रहल।

# डीआईजीक जनता दरबार मे 30 परिवादी रखलनि समस्या

सहरसा, समदिया



पुलिस उप महानिरीक्षक कार्यालय, कोसी क्षेत्र, सहरसा मे सोमदिन सोमवारीय जनता दरबारक आयोजन कएल गेल। जनता दरबार मे विभिन्न जिला सं पहुंचल 30 परिवादी अपन-अपन समस्या पुलिस उप-महानिरीक्षक डॉ. आशीष कुमारक समक्ष राखलनि। पुलिस उप-महानिरीक्षक डॉ. आशीष कुमार वर्तमान मेकोसी क्षेत्रक संग मिथिला क्षेत्रक सेहो प्रभार मे छथि। ओ अपन कार्यालय कक्ष मे सभ परिवादीक समस्या गंभीरतापूर्वक सुनलनि आ संबंधित मामिलाक जानकारी लेलनि। परिवादी सभक समस्या केर त्वरित आ निष्पक्ष निपटारा लेल ओ संबंधित पदाधिकारी सभ कें आवश्यक निर्देश देलनि। जनता दरबार मे पहुंचल लोकनि पुलिस सं संबंधित विभिन्न समस्या, शिकायत आ मामिला संबंधी अपन बात राखलनि। डीआईजी सभ परिवादी कें हुनकर समस्या केर नियमानुसार समाधानक भरोस देलनि। संगहि संबंधित अधिकारीसभ कें मामिलाक शीघ्र निष्पादन लेल आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। उल्लेखनीय अछि जेकोसी क्षेत्रीय पुलिस कार्यालय मे प्रत्येक सोमदिन आ शुक्रदिन नियमित रूप सं जनता दरबारक आयोजन कएल जाइत अछि। एहि माध्यम सं आम लोकक समस्या सीधे सुनल जाइत अछि आ ओकर शीघ्र निराकरण लेल संबंधित पुलिस पदाधिकारी सभ कें आवश्यक निर्देश देल जाइत अछि।

## चयनित पंचायत कें बाल श्रम मुक्त घोषित करबाक लक्ष्य

# शिवहरक 15 पंचायत कें बाल श्रम मुक्त बनेबाक अभियान

शिवहर, समदिया




बाल श्रमक उन्मूलन तथा बच्चाक सुरक्षा, संरक्षण, पुनर्वास आ शिक्षा सं जोड़बाक उद्देश्य सं शिवहर जिला मे 90 दिवसीय विशेष अभियान चलाओल जा रहल अछि। श्रम संसाधन आ प्रवासी श्रमिक कल्याणविभागक दिस सं जिलाक सभ 5 प्रखंड सं 3-3 पंचायतक चयन कए कुल 15 पंचायत कें बाल श्रम मुक्त बनेबाक लक्ष्य निर्धारित कएल गेल अछि। श्रम संसाधन आ प्रवासी श्रमिक कल्याण विभाग, अदिथी कवच परियोजना, पंचायत स्तरीय बाल कल्याणआ संरक्षण समिति तथा संबंधित विभाग आ हितधारकक समन्वय सं चयनित पंचायत सभ मे बाल आकिशोर श्रमिकक पहचान, विमुक्ति, पुनर्वास तथा हुनका सभ कें शिक्षा सं जोड़बाक संग जनजागरूकता लेलव्यापक अभियान चलाओल जा रहल अछि। श्रम अधीक्षक विजय कुमार ठाकुर अभियानक लगातार अनुश्रवण करैत संबंधित पदाधिकारी कें प्रभावी आ समयबद्ध कारबाइ सुनिश्चित करबाक निर्देश देने छथि। श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी चंद्रनाथ राम आ सुरेश कुमारक नेतृत्व मे चयनित पंचायत सभ मे प्रतिष्ठान, दोकान आ अन्य कार्यस्थल पर अभियान चलाओल जा रहल अछि।वर्तमान मे चयनित 15 पंचायत मे सं एकटा पंचायत कें बाल श्रम मुक्त घोषित कएल जा चुकल अछि,जखन कि शेष 14 पंचायत मे अभियान जारी अछि। श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी चंद्रनाथ राम कहलनि जेबाल श्रम बच्चाक शिक्षा आ समग्र विकास मे बाधक अछि। अभियानक उद्देश्य बच्चा सभ कें श्रम संमुक्त करबाक संग हुनका शिक्षा, संरक्षण आ पुनर्वासक सुविधा सं जोड़ब अछि।अदिथी कवच परियोजनाक कार्यक्रम प्रबंधक रोहित सिंह कहलनि जे बाल श्रम उन्मूलन लेल विभागीय प्रयासक संग समुदायीक सक्रिय भागीदारी सेहो आवश्यक अछि। परियोजना द्वारा संबंधित विभागक समन्वय सं बच्चा सभक पहचान, विमुक्ति, पुनर्वास आ शिक्षा सं जोड़बाक प्रक्रिया मे आवश्यक सहयोग देल जा रहल अछि, जाहि सं चयनित पंचायत सभ कें स्थायी रूप सं बाल श्रम मुक्त बनेबाक दिशा मे प्रभावी परिणाम सुनिश्चित कएल जा सकय।

# बेटीक मृत्यु मामिला मे डीआईजी सं न्यायिक गोहारि

## परिजनक आरोप : दुष्कर्मक बाद जबरदस्ती जहर पियाकए हत्या कएल गेल

सहरसा, समदिया




जिलाक सिमरी बख्तियारपुर अनुमंडलक तरियामा पंचायत वार्ड नंबर-4 निवासी रोमा कुमारी, पति रविंद्र कुमार शर्मा सोमदिन पुलिस उप-महानिरीक्षक कार्यालय पहुंचि डीआईजी कुमार आशीष कें ज्ञापन सौंपिबेटी कें मृत्यु मामिला मे न्यायिक गुहार लगौलनि। आवेदन मे आरोप लगाओल गेल अछि जे हुनकर 10म कक्षाक छात्रा बेटी रूपा कुमारीक संग दुष्कर्म कए जबरदस्ती जहर पिएबाक बाद हत्या कए देल गेल। परिजनक कहब अछि जे मामिला मे एखन धरि कारबाइ नहि भेल अछि। एहि पर ओ सभ पुलिसक कार्यशैली पर सवाल उठबैत अभियुक्त सभ सं मिलीभगत कए मामिला दबेबाक आरोप लगौलनि। परिजनक अनुसार रूपा घर सं करीब 8 किलोमीटर दूर स्थित केवाईपी कंप्यूटर संस्थान मे प्रशिक्षण लैत छल। आरोप अछि जे 5 अक्टूबर 2025, रविदिन संस्थान बंद रहबाक बावजूद ओकरा फोन कए कए बजाओल गेल। बाद मे ओकर तबीयत बिगड़बाक सूचना परिजन कें देल गेल। परिजन कोचिंग संचालक मुकेश यादव, शिक्षक विष्णु झा समेत अन्य लोक पर षड्यंत्र मे शामिल रहबाक आरोप लगौलनि। हुनका सभ बख्तियारपुर थाना कांड संख्या 300/25क वरीय अधिकारी सं जांच करबैत दोषी सभक विरुद्ध कठोर कारबाइ करबाक मांग कएलनि।

# सार्वजनिक स्वास्थ्य लेल भारतक खाद्य उद्योग स्वयं मे बदलाव आनय

पवन अग्रवाल

भारतक खाद्य उद्योग पहिनहुं एहन परिस्थिति सं गुजरि चुकल अछि। भारतीय खाद्य सुरक्षा आ मानक प्राधिकरण (एफएसएसएआइ) जुलाई 2018 मे ईट राइट इंडिया अभियान शुरू केने छल। तखन पैघ खाद्य कंपनी सभ अपन खाद्य उत्पाद मे नमक, चीनी आ सैचुरेटेड फैटक मात्रा स्वयं घटेबाक संकल्प लेने छल। एकर बाद कतेको कंपनिये नव अनुपात मे खाद्य सामग्री उपलब्ध करबाक गंभीर प्रयास केलक। मुदा एहि प्रयोग सं एकटा कारोबारी सत्य सेहो सामने आएल। मोंडेलेज इंडियाक कैडबरी डेयरी मिल्क मे चीनीक मात्रा 30 प्रतिशत घटाओल गेल, मुदा नव उत्पाद कें उपभोक्ताक अपेक्षित समर्थन नहि भेटल आ अंततः ओकर उत्पादन बंद करय पड़ल। तहिना हल्दीरामक कम सोडियम वा कम फैटबला उत्पाद आ पैघ कोला कंपनिक जीरो शुगर उत्पाद कें सेहो एहन चुनौतीक सामना करय पड़ल। एकर अर्थ ई नहि जे उपभोक्ता अपन स्वास्थ्यक प्रति उदासीन छथि। स्वास्थ्यप्रद भोजनक प्रति जागरूकता बढ़ल अछि, मुदा पैघ स्तर पर खरीदारी करैत काल स्वाद, आदति, सुविधा आ दाम उपभोक्ताक निर्णय मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। एहि कारण जे कंपनी पहिने अपन उत्पाद मे चीनी, नमक वा फैटक मात्रा घटबैत अछि,




ओकरा कारोबारी खतरा उठाबय पड़ैत अछि। जं दोसर कंपनी अपन उत्पाद मे कोनो बदलाव नहि करैत अछि तं एकटा खास स्वादक अभ्यस्त उपभोक्ता ओहि दिशि जा सकैत छथि। एहि तरहें बदलाव करयबला कंपनी खतरा उठबैत अछि, मुदा दोसर कंपनी बिना खतराक अपन पुरान उत्पाद बेचैत रहैत अछि।

### बदलाव लेल समान प्रतिस्पर्धाक अवसर

एहि कारण खाद्य उद्योग कें पैकेटक ऊपर चेतावनी देनिहार लेबल कें झटकाक रूप मे नहि, बल्कि समस्याक समाधानक रूप मे देखबाक चाही। समान प्रकारक उत्पादक लेल जं पोषक तत्वक संबंध मे एक्के नियम लागू होय तं उत्पाद मे सुधार करब कोनो एकटा कंपनी लेल कारोबारी जुआ नहि रहत। सभ कंपनी कें नीक करबाक प्रोत्साहन भेटत आ प्रतिस्पर्धा स्वादिष्ट, सस्ता आ सुविधाजनक उत्पाद कें बेसी स्वास्थ्यप्रद बनेबाक दिशा मे बढ़त। मुदा उत्पाद मे एहन बदलाव रातोरात संभव नहि अछि। स्वाद, रंग आ दाम पर प्रतिकूल असरि नहि पड़य, एकरा लेल चीनी, नमक आ फैटक मात्रा घटेबाक संग उत्पाद कें टिकाउ रखबाक नव प्रयोग जरूरी अछि। उपभोक्ताक जिब्हा कें नव स्वादक अभ्यस्त होयबा मे सेहो समय लगैत अछि। एहि लेल चिली, पेरू आ अर्जेन्टीना जेकां देश मे कतेको वर्ष धरि चरणबद्ध प्रक्रिया अपनाओल गेल। लक्ष्य खाद्य कंपनी सभ पर जुमार्ना लगेनाइ नहि, बल्कि स्वास्थ्यप्रद खाद्य उत्पादक बाजार कें बढ़ावा देनाइ होयबाक चाही। खाद्य उद्योग एहि बदलाव कें चारि तरहें अवसर मे बदलि सकैत अछि।

### उद्योग लेल चारि अवसर

पहिल, खाद्य आ पोषण संबंधी जागरूकता बढ़ेबाक लेल उद्योग कें सामूहिक रूपेण निवेश करबाक चाही। कंपनी सभ उपभोक्ताक पसंद कें बुझबाक लेल पैघ संसाधन खर्च करैत अछि। ओकर एकटा हिस्सा खास कए बच्चा सभ मे पोषणक जागरूकता बढ़ेबा मे लगाओल जा सकैत अछि। स्कूल सं एहि काजक शुरूआत भए सकैत अछि। भोजन, पोषण, लेबल, मात्रा, चीनी, नमक आ फैटक जानकारी कें बुनियादी शिक्षाक हिस्सा बनाओल जा सकैत अछि। दोसर, स्वास्थ्यप्रद खाद्य कें आर्थिक रूपेण आकर्षक बनेबाक प्रयास होय। सरकार आ उद्योग कें देखबाक चाही जे वर्तमान कर-व्यवस्था आ औद्योगिक प्रोत्साहन सार्वजनिक स्वास्थ्यक उद्देश्यक अनुरूप अछि वा नहि। जीएसटी दर, खाद्य प्रसंस्करणक लेल उत्पादन सं जुड़ल प्रोत्साहन योजना आ खाद्य नीति पर पुनर्विचारक जरूरत अछि। तेसर, पोषण कें पर्यावरण, सामाजिक दायित्व आ शासन व्यवस्था सं जुड़ल ईएसजी ढांचाक मूल आधार बनाओल जाय। खाद्य कंपनी सभ कें अपन उत्पाद मे नमक, चीनी आ सैचुरेटेड फैटक मात्रा घटेबाक संग स्वास्थ्यप्रद उत्पादक अनुपात बढ़ेबाक जानकारी सेहो सार्वजनिक करबाक चाही। चारिम, स्वास्थ्यप्रद भोजनक प्रयास खाद्य सेवा आ खुदरा बिक्री धरि पहुंचेबाक चाही। पैकेटक लेबलक व्यवस्था सामान्यतः रेस्तरां सं बाहर रहैत अछि। फास्ट-फूड श्रृंखला मे पोषक तत्व आ मेनूक जानकारीक व्यवस्था लागू कएल जा सकैत अछि। खुदरा विक्रेता आ ई-कॉमर्स कंपनियो अपन बिक्री स्थल एहि तरहें व्यवस्थित कए सकैत अछि जाहि सं ग्राहक स्वास्थ्यप्रद वस्तु सहजता सं देखि आ चुनि सकथि।

### विरोध नहि, अगुआइक आवश्यकता

चेतावनी देनिहार लेबलक बात अबितहि कंपनी सभ ब्रांड, बिक्री, लागति आ उपभोक्ताक प्रतिक्रिया लेल चिंतित होइत छथि। ई चिंता स्वाभाविक अछि, मुदा जे बदलाव आवश्यक भए रहल अछि, तकर विरोध करबाक बदला ओकर तैयारी करब बेसी उपयोगी होयत। 2018 मे भारतक प्रमुख खाद्य कंपनी सभ नमक, चीनी आ फैटक मात्रा घटेबाक जरूरत स्वीकार केने छल। मुदा स्वैच्छिक बदलाव सं सभ कंपनी लेल समान प्रतिस्पर्धाक स्थिति नहि बनि सकल। पैकेट पर चेतावनी देनिहार लेबल एहि लेल समान व्यवस्था उपलब्ध करा सकैत अछि। सरकार कें आवश्यक नियम आ उचित आर्थिक प्रोत्साहन देबाक चाही, उद्योग कें नव प्रयोग करबाक चाही आ स्कूल मे भोजन-पोषण संबंधी शिक्षा देबाक चाही। उपभोक्ताक पसंद सेहो धीरे-धीरे बदलि सकैत अछि। सभ प्रयास मिलि एहन व्यवस्था बना सकैत अछि जाहि मे स्वास्थ्यप्रद खाद्य कें नियमक बोझ नहि, बल्कि कारोबारी अवसर मानल जाय। भारत कें सार्वजनिक स्वास्थ्यक पक्षधर आ खाद्य उद्योगक बीच लंबा संघर्षक आवश्यकता नहि अछि। जरूरत एहि बातक अछि जे खाद्य उद्योग स्वस्थ राष्ट्रक निर्माण मे एकटा प्रमुख साझेदारक रूप मे आगू आबय। खाद्य सामग्रीक पैकेट पर छपल चेतावनीक रेड हेक्सागन मात्र एकटा चिह्न नहि, बल्कि भारत मे खानपानक बदलैत प्रवृत्तिक एकटा पैघ अभियानक संदेश बनि सकैत अछि।

भोजन, पोषण, लेबल, मात्रा, चीनी, नमक आ फैटक जानकारी कें बुनियादी शिक्षाक हिस्सा बनाओल जा सकैत अछि। दोसर, स्वास्थ्यप्रद खाद्य कें आर्थिक रूपेण आकर्षक बनेबाक प्रयास होय। सरकार आ उद्योग कें देखबाक चाही जे वर्तमान कर-व्यवस्था आ औद्योगिक प्रोत्साहन सार्वजनिक स्वास्थ्यक उद्देश्यक अनुरूप अछि वा नहि। जीएसटी दर, खाद्य प्रसंस्करणक लेल उत्पादन सं जुड़ल प्रोत्साहन योजना आ खाद्य नीति पर पुनर्विचारक जरूरत अछि। तेसर, पोषण कें पर्यावरण, सामाजिक दायित्व आ शासन व्यवस्था सं जुड़ल ईएसजी ढांचाक मूल आधार बनाओल जाय। खाद्य कंपनी सभ कें अपन उत्पाद मे नमक, चीनी आ सैचुरेटेड फैटक मात्रा घटेबाक संग स्वास्थ्यप्रद उत्पादक अनुपात बढ़ेबाक जानकारी सेहो सार्वजनिक करबाक चाही। चारिम, स्वास्थ्यप्रद भोजनक प्रयास खाद्य सेवा आ खुदरा बिक्री धरि पहुंचेबाक चाही। पैकेटक लेबलक व्यवस्था सामान्यतः रेस्तरां सं बाहर रहैत अछि। फास्ट-फूड श्रृंखला मे पोषक तत्व आ मेनूक जानकारीक व्यवस्था लागू कएल जा सकैत अछि। खुदरा विक्रेता आ ई-कॉमर्स कंपनियो अपन बिक्री स्थल एहि तरहें व्यवस्थित कए सकैत अछि जाहि सं ग्राहक स्वास्थ्यप्रद वस्तु सहजता सं देखि आ चुनि सकथि।

# सत्ता सं संघर्ष धरि यूपी विधानसभा चुनाव 2027 : डैमेज कंट्रोल मे जुटल भाजपा

अशोक भाटिया

उत्तर प्रदेशक राजनीतिक इतिहास मे 2024 केर लोकसभा चुनाव एहन मोड़क रूप मे दर्ज भए चुकल अछि, जाहि सं सत्तारूढ़ भारतीय जनता पार्टीक अजेय मानल जाएबला छवि कें पैघ धक्का लागल। दिल्लीक सत्तापर लगातार तेसर बेर काबिज होयतो देशक सभ सं पैघ आ राजनीतिक रूप सं महत्वपूर्ण राज्य उत्तर प्रदेश मे भाजपाक सीट संख्या लगभग आधा रहि जाएब एहन चेतावनी छल, जकर उपेक्षा घातक भए सकैत छल। एहि चुनावी झटका सं एक दिस समाजवादी पार्टी आ कांग्रेसक गठबंधन कें नव ऊर्जा भेटल, तं दोसर दिस भाजपाक शीर्ष नेतृत्व कें आत्ममंथन करबाक आ रणनीति कें नव ढंग सं गढ़बाक आवश्यकता अनुभव भेल। आब 2027 केर विधानसभा चुनाव लग अबैत देखैत भाजपा अपन गमाओल राजनीतिक जमीन वापस पयबाक आ मिशन हैट्रिक सफल करबाक लेल व्यापक आ बहुआयामी क्षति-नियंत्रण अभियान मे जुटल अछि। जं 2027 मे लखनऊक सत्तापर पुनः भगवा ध्वज फहरेबाक लक्ष्य अछि तं संगठनक मूल कमजोरी दूर करब आ सामाजिक तथा सांगठनिक समीकरण कें नव ढंग सं साधब पहिल आ अनिवार्य शर्त बनि गेल अछि। सांगठनिक कसावट संग भाजपाक ई क्षति-नियंत्रण मात्र पार्टीक कार्यकर्ता धरि सीमित नहि अछि, बल्कि सहयोगी दल आ प्रमुख चेहरा कें संग राखबाक लेल सेहो प्रयास तेज भेल अछि। एहि क्रम मे रायबरेली सदरक भाजपा विधायक अदिति सिंहक मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सं भेंट महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। किछु समय सं अदिति सिंहक कांग्रेस मे संभावित वापसीक चर्चा चलि रहल छल। मुदा मुख्यमंत्री सं हुनकर उच्चस्तरीय भेंट सं एहि अटकलबाजी पर




विराम लागल। गांधी परिवारक परंपरागत गढ़ रहल रायबरेली मे भाजपा अपन राजनीतिक आधार कें मजबूत रखबाक प्रयास मे जुटल अछि। दोसर महत्वपूर्ण मोर्चा बिगड़ल सहयोगी दल कें संग राखब अछि। लोकसभा चुनावक बाद सं अपन उपेक्षा आ अति-पिछड़ाक आरक्षणक मुद्दापर सार्वजनिक रूप सं नाराजगी व्यक्त करैत निषाद पार्टीक अध्यक्ष आ कैबिनेट मंत्री संजय निषाद कें मनेबाक लेल भाजपाक प्रदेश प्रभारी विनोद तावड़े स्वयं हुनकर आवास पर पहुंचलाह। दुनू नेताक बीच भेल लंबा बैठकक उद्देश्य सहयोगी दलक भीतरक असंतोष कें समय रहिते दूर करब आ 2027 सं पहिने एनडीए कें एकजुट राखब छल। उत्तर प्रदेशक जटिल राजनीतिक समीकरण मे अनुप्रिया पटेलक अपना दल (एस), ओमप्रकाश राजभरक सुभासपा आ संजय निषादक निषाद पार्टीक भूमिका महत्वपूर्ण अछि। संजय निषादक घर स्वयं पहुंचब एहि बातक संकेत दैत अछि जे भाजपा गठबंधनक भीतर सहयोगी दल कें संग रखबाक लेल प्रयासरत अछि। युवा आ रोजगारक मुद्दापर विपक्षक आक्रामक हमलाक सामना करबाक लेल सरकार अपन प्रशासनिक तंत्र कें सेहो सक्रिय कए रहल अछि। विगत किछु समय मे भेल भर्ती परीक्षा पेपर लीकक घटना सं सरकारक छवि पर पड़ल असरि कें कम करबाक लेल कड़ा कानून बनाओल गेल अछि आ पारदर्शी ढंग सं भर्ती परीक्षा आयोजित करबा पर जोर देल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ स्वयं युवा कें नियुक्तिपत्र बांटबाक कार्यक्रम मे सहभागी भए रहल छथि। संगहि वन डिस्ट्रिक्ट वन प्रोडक्ट आ राज्य मे आबि रहल पैघ औद्योगिक निवेशक माध्यम सं स्थानीय स्तर पर रोजगारक नव अवसर पैदा करबाक दावा कें सामाजिक माध्यम आ जमीनी अभियान द्वारा लोक धरि पहुंचाओल जा रहल अछि।

# हूतीक हमलाक बादो मक्का समझौता किएक लागू नहि भेल?

बंटीरानी

15 सितंबर कें सऊदी अरब कहलक जे ओकर वायु रक्षा प्रणाली मक्का ऊपर एकटा हूती ड्रोन कें नष्ट कए देलक। सऊदी अरब चेतावनी देलक जे दुनू पवित्र मस्जिद आ जायरीन पर कोनो तरहक हमला ओकरा लेल रेड लाइन होयत। दू दिन बाद सऊदी अरब कहलक जे नष्ट कएल गेल ड्रोनक मलवा खसला सं एक व्यक्तिक मृत्यु भेल आ दू गोटे घायल भेलाह। मुदा ईरान समर्थित हूती मिलिशियाक सैन्य प्रवक्ता अब्दुल मलिक अल-हूती आरोप कें नकारैत कहलनि जे यमन दिस सं पवित्र स्थल कें कोनो खतरा नहि अछि। हुनकर अनुसार हूतीक अभियान तेल प्रतिष्ठान आ सैन्य ठिकाना सभ कें निशाना बनबैत अछि। कतेको देशक समर्थन भेटलाक बादो रियाद कें अपन सुरक्षा साझेदार सं अपेक्षित सैन्य सहायता नहि भेटल अछि, खास कए पाकिस्तान सं। पाकिस्तानक प्रधानमंत्री शहबाज शरीफ मक्का पर कथित हमलाक निंदा कए कहलनि जे हरमैन शरीफैन – मक्का आ मदीना दुनू पवित्र मस्जिदक सुरक्षा आ पवित्रता प्रत्येक पाकिस्तानी लेल अत्यंत महत्वपूर्ण कर्तव्य अछि। रक्षा मंत्री ख्वाजा आसिफ आ सैन्य प्रवक्ता लेफ्टिनेंट जनरल अहमद शरीफ चौधरी सेहो एहि रुख कें दोहरौलनि।

**मक्का समझौता: शुरू होयबा सं पहिनहि खत्म? :** सऊदी अरब, पाकिस्तान आ तुर्कियेक बीच 7 अगस्त कें मक्का संयुक्त रक्षा समझौता पर हस्ताक्षर भेल छल। मुदा मक्का मे कथित हमला भेलाक बादो अंकारा आ इस्लामाबाद दिस सं कोनो ठोस सैन्य सहायता नहि भेटल। दुनू देश हमलाक निंदा कए तनाव कम करबाक आह्वान करैत रहल। किछु विशेषज्ञ एहि घटना कें मक्का समझौता लेल पहिल परीक्षा मानैत छथि। दोसर दिस किछु विशेषज्ञक कहब अछि जे समझौता एखन धरि संस्थागत रूप नहि लेने अछि आ हस्ताक्षरकर्ता देश सभ द्वारा एकर औपचारिक अनुमोदन सेहो नहि भेल अछि। पाकिस्तान आ तुर्कियेक अधिकारीक अनुसार



सऊदी अरबक दिस सं हूतीक गतिविधिक जवाब मे सैन्य सहायता लेल हुनका सभ कें कोनो अनुरोध नहि भेटल अछि। पाकिस्तानक पूर्व राजदूत आ सेवानिवृत्त मेजर जनरल रजा मुहम्मदक अनुसार मक्का समझौता पूर्णतः रक्षात्मक अछि। हुनकर कहब अछि जे साझेदार देश पर हमला भेलाक स्थिति मे सामूहिक रोकथामक व्यवस्था एहि समझौता पर आधारित अछि। सऊदी अरब, तुर्किये वा पाकिस्तान पर सीधा हमला अथवा ओकर क्षेत्रीय अखंडताक उल्लंघन भेलापर दोसर साझेदार सामूहिक निर्णयक बाद प्रतिक्रिया दए सकैत छथि।

**पाकिस्तान-सऊदी सहयोगक पुरान इतिहास :** सऊदी अरबक सुरक्षा मे पाकिस्तानक भूमिका नव नहि अछि। 1960क दशक सं पाकिस्तानी सैनिक सऊदी अरब मे रहल छथि आ पाकिस्तान हजारो सऊदी सैन्यकर्मी कें प्रशिक्षण देलक। 1967 मे दुनू देशक बीच पहिल औपचारिक रक्षा सहयोग समझौता भेल। 1969 मे पाकिस्तानी वायुसेनाक पायलट सऊदी सीमाक रक्षा मे सेहो सहयोग केने छलाह। 1990-91क खाड़ी युद्धक समय सेहो पाकिस्तानी सैनिक सऊदी अरब मे तैनात छलाह। 2011 मे बहरीन मे सरकार विरोधी आंदोलनक समय सऊदी अरब द्वारा पाकिस्तान सं सहायता मांगल गेलाक उल्लेख सेहो भेटैत अछि। मुदा अप्रैल 2015 मे पाकिस्तानक संसद यमन मे सऊदी नेतृत्वबला सैन्य गठबंधन मे शामिल होयबाक विरुद्ध सर्वसम्मति सं मतदान केलक। सऊदी अरब पाकिस्तान सं जहाज, विमान आ सैनिकक सहायता मांगने छल, मुदा इस्लामाबाद संघर्ष मे तटस्थ रहबाक निर्णय लेने छल। 2018 मे पाकिस्तान सऊदी अरब मे प्रशिक्षण आ सलाह लेल सैनिकक एकटा टुकड़ी पठौलनि। इस्लामाबाद स्पष्ट केलक जे हुनका सऊदी सीमाक बाहर तैनात नहि कएल जाएत। 2019 मे हूती द्वारा सऊदी तेल कंपनी अरामकोक पंपिंग स्टेशन पर हमला भेलाक समय सेहो पाकिस्तानक समर्थन मुख्यतः एकजुटताक बयान धरि सीमित रहल।

**एखन पाकिस्तान की कए रहल अछि? :** पाकिस्तानक रक्षा मंत्री ख्वाजा आसिफक अनुसार मक्का समझौता लागू करबाक समय आबि गेल अछि। सैन्य प्रवक्ता सेहो कहलनि जे हरमैन शरीफैन आ सऊदी अरबक सुरक्षाक लेल पाकिस्तान कोनो सीमा धरि जा सकैत अछि। मुदा एखन धरि पाकिस्तान दिस सं हूतीक विरुद्ध प्रत्यक्ष सैन्य कारबाइ नहि भेल अछि।

# टूटैत मयार्दा आ नैतिक पतन सं सिसकैत मानवता

सुरेश

मान्यता रहल अछि जे जं मानवीय मूल्य कें शिरोधार्य कएल जाए तं ई जीवन स्वर्ग बनि सकैत अछि। मुदा विडंबना अछि जे आइ आन्हर भौतिकवादक कारण सुख-सुविधा जुटेबाक अंध दौड़ मे मनुष्यता पराभूत भए रहल अछि, आदर्शक पतन भए रहल अछि आ प्रत्येक गैर-कानूनी काज कें कानूनी बना देबाक होड़ चलि रहल अछि। आर्थिक संपन्नताक लेल हम मयार्दा, नैतिकता आ सदाचार कें बिसरा देने छी। क्षणिक सुख लेल हम ओ सभ काज करबा लेल तैयार भए जाइत छी, जकर कल्पनो हमर पूर्वज नहि केने होयताह। आइ सांस्कृतिक मूल्यक संरक्षण आ साहित्य तथा ललित कलाक माध्यम सं जीवन मे नवस्फुरण उत्पन्न करबाक बात जेना बीतल युगक विषय बनि गेल अछि।

जे काज अमर्यादित अछि, सएह आजुक युगक पहिचान बनैत जा रहल अछि। जखन लोकक सामने एहि वास्तविकताक परत खुलैत अछि तं मनुष्यता लज्जित होइत देखाइत अछि। एहि बीच पंजाब आ देशक अन्य भाग सं किछु एहन अमानवीय घटना सामने आएल अछि, जे मानवता कें लज्जित करैत अछि। पंजाबक बठिंडा जिलाक भाइ बख्तौर गाम मे हालहि मे हृदयविदारक घटना भेल। फसिल खराब भेला सं व्यथित किसान सौदागर सिंह सल्फास खा कए आत्महत्या कए लेलनि। मृतक किसान कें अर्थराइटिसक कारण टाइटेनियम धातु सं बनल कृत्रिम घुटना लगाओल गेल छल। मुदा हृदयहीनताक सीमा तखन पार भए गेल जखन अंतिम संस्कारक बाद अस्थि चुनबाक बहन्ना बना एकटा नशेड़ी चिता सं कृत्रिम घुटना चोरा थैला मे राखि भागय लागल।

परिवारक सतर्कता सं ओ घटनास्थले पर पकड़ल गेल। प्रश्न उठैत अछि जे आखिर हमर मानवीय संवेदना कतय चलि गेल? ई एहन निकृष्ट काज अछि जे सोचबा पर विवश करैत अछि जे आब चोर चिता कें सेहो नहि छोड़ि रहल अछि। ओतहि असमक गुवाहाटी सं सेहो एकटा एहन वीभत्स घटना सामने आएल अछि, जकर कल्पना कोनो सामान्य मनुष्य नहि कए सकैत अछि। ओतय एक युवक अपन 25 वर्षीय पत्नी रिया तालुकदारक निर्ममतापूर्वक हत्या कए देलक। क्रूरताक सभ सीमा पार करैत ओ पत्नी कें माथ धड़ सं अलग कए देलक आ दुनू हाथक आंगुर काटि फ्रिज मे नुका देलक। मृतकाक मूड़ी विहीन देह फ्लैट मे पड़ल रहल। बंद फ्लैट सं असहनीय दुर्गंध निकललापर पड़ोसीक शिकायत पर पुलिस दरबज्जा तोड़ि भीतर प्रवेश कएलक। पुलिस शव बरामद कए आरोपी पति कें गिरफ्तार कए लेलक। ई



सभ घटना एहन अछि, जकर विषय मे सोचिते मोन सिहरि उठैत अछि आ अंतरात्मा बेचैन भए जाइत अछि। आखिर हम कोन समाजक निर्माण कए रहल छी? ई मात्र संवेदनहीनताक प्रश्न नहि, बल्कि पारिवारिक संबंधक पूर्ण विघटनक कथा अछि। एकटा उदाहरण लिअ - एकटा लाचार पिता मृत्युशय्या पर पड़ल छलाह आ हुनकर दुनू पुत्र विदेश मे रहैत छलाह। दुनू भाइ आपस मे एहन निर्दयी निर्णय कएलनि जे एकटा पिता केर बेमारीक समय आयत आ दोसर हुनकर दाह-संस्कार मे। मुदा एहि बीच पिताक मृत्यु भए गेल आ दुनू मे सं कोइ नहि आएल; मात्र अंतिम संस्कारक खर्च लेल रुपैया पठा देलक। जे माता-पिता जीवन भरिक कमाइ लगा कए आ अपन धन-संपत्ति बेचि बच्चा कें सुंदर भविष्य लेल विदेश पठौलनि, आइ हुनकर खाली मकान ओहि संतानक बाट जोहि रहल अछि।

आब एहि विकट समस्याक स्थायी समाधान ताकब अत्यंत आवश्यक भए गेल अछि। विदेश मे सेहो आइ भारतीय युवा पीढ़ीक पहिले जेकां स्वागत नहि होइत अछि। ओतुक्का स्थानीय लोकक मानब अछि जे भारतीय युवा कम वेतन पर काज करैत अछि आ हुनका कारण हुनकर नोकरी छीना रहल अछि। एहि कारण कतेको देश आब हुनका वापस पठेबाक उपाय ताकि रहल अछि। एहन विषम परिस्थिति मे भारत जे सर्वाधिक युवा आबादीबला देश अछि, ओकरा आत्मनिर्भर बनबहि पड़त। दुर्भाग्यवश, ई बात राजनेताक चुनावी मंच धरि सीमित रहि जाइत अछि।

उचित रोजगारक अभाव मे युवा विदेश दिस दौड़ि रहल अछि। परिणामस्वरूप भारत शनैः-शनैः बुजुर्गक देश बनैत जा रहल अछि। सरकारक दिस सं युवा कें रोजगार देबाक पैघ-पैघ दावा कएल गेल। नव शिक्षा नीति कें रोजगारपरक बनेबाक, देश कें डिजिटल रूप सं सशक्त करबाक आ कृत्रिम मेधाक शिखर पर पहुंचा नव अवसर सृजन करबाक बात सेहो कहल गेल। मुदा ई सभ कागजी सपना बनि कए रहि गेल। रोजगारविहीनताक दलदल मे फंसल युवा वर्ग निशा आ निठल्लापन दिस बढ़ि रहल अछि। सामाजिक आ आर्थिक भटकावक ई स्थिति अंततः हुनका एहन अमानवीय आ घृणित कृत्य दिस धकेलि रहल अछि। प्रश्न एतबे अछि जे खोखला दावाक आ नैतिक पतनक ई जानलेवा वातावरण आखिर कहिया आ कोना बदलत?

पंजाबक बठिंडा जिलाक भाइ बख्तौर गाम मे हालहि मे हृदयविदारक घटना भेल। फसिल खराब भेला सं व्यथित किसान सौदागर सिंह सल्फास खा कए आत्महत्या कए लेलनि। मृतक किसान कें अर्थराइटिसक कारण टाइटेनियम धातु सं बनल कृत्रिम घुटना लगाओल गेल छल। मुदा हृदयहीनताक सीमा तखन पार भए गेल जखन अंतिम संस्कारक बाद अस्थि चुनबाक बहन्ना बना एकटा नशेड़ी चिता सं कृत्रिम घुटना चोरा थैला मे राखि भागय लागल। परिवारक सतर्कता सं ओ घटनास्थले पर पकड़ल गेल। प्रश्न उठैत अछि जे आखिर हमर मानवीय संवेदना कतय चलि गेल? ई एहन निकृष्ट काज अछि जे सोचबा पर विवश करैत अछि जे आब चोर चिता कें सेहो नहि छोड़ि रहल अछि। ओतहि असमक गुवाहाटी सं सेहो एकटा एहन वीभत्स घटना सामने आएल अछि, जकर कल्पना कोनो सामान्य मनुष्य नहि कए सकैत अछि। ओतय एक युवक अपन 25 वर्षीय पत्नी रिया तालुकदारक निर्ममतापूर्वक हत्या कए देलक। क्रूरताक सभ सीमा पार करैत ओ पत्नी कें माथ धड़ सं अलग कए देलक आ दुनू हाथक आंगुर काटि फ्रिज मे नुका देलक। मृतकाक मूड़ी विहीन देह फ्लैट मे पड़ल रहल।

# एमएलसी चुनाव मे जन सुराजक प्रवेश सं राजनीति हलचल

बिहार मे विधान परिषदक 8 सीट पर होमय बला चुनाव कें लए सियासी गतिविधि तेज भए गेल अछि। एहि चुनाव कें लए राज्यक राजनीतिक दल सभ तैयारी मे जुटि गेल छथि। जन सुराज पार्टी रविदिन 5 सीट पर अपन उम्मीदवारक घोषणा कएलक। पार्टीक संस्थापक प्रशांत किशोर कहलनि जे जाहि स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे जन सुराजक उम्मीदवार जीतताह, ओतय 10 हजार पढ़ल-लिखल बेरोजगार युवा कें रोजगार सं जोड़बाक



## नौकरीक वादापर बीजेपी-जेडीयू-आरजेडी कें घेरलक

पहल कएल जाएत। एहि बयानक बाद बीजेपी, जेडीयू आ आरजेडी दिस सं प्रतिक्रिया सामने आएल अछि। जन सुराज पार्टी सारण शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं आफाक अहमद, पटना शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं दिव्या ज्योति, दरभंगा शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सं एसपी राय, दरभंगा स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सं रवींद्र यादव आ कोसी स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सं रजनीश रंजन कें उम्मीदवार बनौने अछि। पार्टीक दिस सं कहल गेल अछि जे शेष 3 सीट लेल उम्मीदवारक घोषणा सेहो आगू कएल जाएत। प्रशांत किशोर रोजगारक अपन वादा कें विधान परिषदक चुनावी क्षेत्र सभ सं जोड़लनि।

एहि सं पहिने बांकीपुर मे ओ पढ़ल-लिखल बेरोजगार युवा सभ लेल रोजगारक पहल करबाक बात कहने छलाह। आब हुनकर कहना अछि जे स्नातक निर्वाचन क्षेत्र मे जन सुराजक उम्मीदवार जीतलाह तं ओतय सेहो 10 हजार बेरोजगार युवा कें रोजगार उपलब्ध कराबयक दिशा मे काज कएल जाएत। बीजेपीक प्रवक्ता प्रेम रंजन पटेल प्रशांत किशोरक दाबी पर सवाल उठौलनि। हुनकर कहना छल जे बांकीपुरक लोक अपन विधायकक काज कें लए परेशान छथि आ रोजगारक दावा जमीन पर नहि देखाइ पड़ि रहल अछि। ओ कहलनि जे विधान परिषदक मतदाता शिक्षित आ जागरूक छथि आ मात्र रोजगारक वादा सं हुनका सभ कें प्रभावित नहि कएल जा सकैत अछि। आरजेडीक प्रवक्ता एजाज अहमद सेहो रोजगारक वादा कें लए प्रशांत किशोर पर निशाना साधलनि। ओ कहलनि जे बिहार मे नौकरीक मुद्दा पर तेजस्वी यादवक कार्यकालक रिकॉर्ड युवा सभक सामने अछि आ आब एहन वादा प्रभावी नहि होयत। जेडीयूक प्रवक्ता चंदन सिंह सेहो प्रशांत किशोरक दाबी पर सवाल उठौलनि।

ओ कहलनि जे विधान परिषदक चुनावक मतदाता प्रबुद्ध छथि आ ओ एहन दाबी कें स्वीकार नहि करताह। जन सुराजक पांच उम्मीदवारक घोषणा सं बिहारक विधान परिषद चुनावक राजनीति मे रोजगारक मुद्दा सेहो प्रमुख रूप सं सामने आबि गेल अछि। विधान परिषदक एहि चुनाव मे 4 स्नातक आ 4 शिक्षक निर्वाचन क्षेत्रक कुल 8 सीट शामिल अछि। चुनावक आधिकारिक कार्यक्रम निर्वाचन आयोग द्वारा घोषित होनाइ एखन बाकी अछि।


# यूपी चुनाव मे ओवैसी ककरा संग जेताह? गठबंधन पर पैघ बयान

उत्तर प्रदेश मे 2027 मे होमय बला विधानसभा चुनाव कें लए राजनीतिक हलचल तेज भए गेल अछि। एहि बीच ऑल इंडिया मजलिस-ए-इत्तेहादुल मुस्लिमीन (एआईएमआईएम) प्रमुख आ हैदराबादक सांसद असदुद्दीन ओवैसी यूपी चुनाव मे गठबंधन कें लए पैघ बयान देलनि अछि। कानपुर मे एकटा जनसभा कें

## 2 अक्टूबर धरि फैसला

संबोधित करैत ओ कहलनि जे हुनकर पार्टी उत्तर प्रदेश मे एकसर चुनाव लड़बाक बजाय गठबंधनक संग चुनाव मैदान मे उतरबाक पक्ष मे अछि।

ओ कहलनि जे एहि संबंध मे 2 अक्टूबर धरि फैसला कए लेल जाएत। कानपुरक छावनी क्षेत्र स्थित बाबूपुरवा ईदगाह मैदान मे जनसभा कें संबोधित करैत ओवैसी कहलनि जे एआईएमआईएम संभावित राजनीतिक गठबंधनक घोषणा सं पहिने 2 अक्टूबर धरि प्रतीक्षा करत। ओ विपक्षी दल सभ कें एक संग आबयक आह्वान कएलनि। ओ कहलनि जे



एआईएमआईएम स्पष्ट कए देने अछि जे ओ उत्तर प्रदेश मे भाजपा सरकारक तेसर बेर गठन नहि चाहैत अछि।

हुनकर कहना छल जे जं कोनो राजनीतिक दल भाजपा कें फेर सत्ता मे आबय सं रोकय चाहैत अछि तं एआईएमआईएमक संग हाथ मिलाबय। ओवैसी कहलनि जे जं कोनो राजनीतिक दलक सदस्य हुनकर बेर-बेर कएल गेल अपील कें कमजोरीक संकेत बुझैत छथि तं ई सही नहि अछि। ओ कहलनि जे हुनकर पार्टी गठबंधन लेल तैयार अछि। ओ बिहार चुनावक सेहो उल्लेख कएलनि आ दावा कएलनि जे ओतय एआईएमआईएम 6 सीट पर मिलि कए चुनाव लड़बाक प्रस्ताव देने छल, मुदा ओकरा स्वीकार नहि कएल गेल। ओवैसी कहलनि जे एआईएमआईएम 2 अक्टूबर धरि इंतजार करत। तकर बाद जाहि दलक संग गठबंधन होयत, ओकर घोषणा ओहि दिन कएल जाएत आ ओकर संग मिलि कए उत्तर प्रदेशक चुनाव लड़ल जाएत। ओ अपन भाषण मे समाजवादी पार्टीक अध्यक्ष अखिलेश यादवक सेहो आलोचना कएलनि।

ओ बिहारक सीमांचल क्षेत्रक संदर्भ दैत कहलनि जे अखिलेश यादव अपन पार्टीक मुस्लिम सांसद सभ कें ओतय पठौने छलाह। ओ दावा कएलनि जे किशनगंज, कटिहार आ अररिया मे लोक सभ एआईएमआईएमक पक्ष मे मतदान कएलनि। ओवैसी कहलनि जे पिछला अनुभवक बाद हुनकर पार्टी उत्तर प्रदेश मे अपन राजनीतिक उपस्थिति मजबूत करबाक दिशा मे काज कए रहल अछि। एआईएमआईएमक गठबंधन संबंधी आखरी निर्णय 2 अक्टूबर के सार्वजनिक करबाक बात ओ कहलनि।

# अमित शाह सं भेट करबाक लेल गेलाह गौतम गंभीर, भगवान गणेशक प्रतिमा भेंट कएलनि

भारतीय क्रिकेट टीमक मुख्य कोच गौतम गंभीर भाजपा नेता आ केंद्रीय गृह मंत्री अमित शाह सं भेट कएलनि। गंभीर अपन सामाजिक माध्यमक खाता पर अमित शाहक संग भेटक तस्वीर साझा कए एहि मुलाकातक जानकारी देलनि। एहि तस्वीरक बाद गंभीरक राजनीति मे फेर वापसी कें लए अटकल तेज भए गेल अछि।

गौतम गंभीर पहिने भारतीय जनता पार्टीक टिकट पर सांसद रहि चुकल छथि। 2019क लोकसभा चुनाव मे ओ पूर्वी दिल्ली सं भाजपा उम्मीदवार छलाह आ पैघ मतांतर सं जीत हासिल कए सांसद बनल छलाह। हुनका 696156 वोट भेटल छल, जखनकि कांग्रेस उम्मीदवार अरविंदर सिंह लवली कें 391222 वोट भेटल छल। गौतम गंभीर अमित शाहक संग अपन तस्वीर साझा करैत कहलनि, माननीय गृह मंत्री श्री अमित शाह जी सं आत्मीय भेट भेल। हुनकर



समय आ मार्गदर्शन लेल आभारी छी। हुनकर निरंतर नीक स्वास्थ्य आ मंगलकामनाक शुभेच्छा।

**2024 मे राजनीति सं संन्यासक घोषणा :** भाजपा सं सांसद बनलाक बाद गौतम गंभीर मात्र एक कार्यकाल धरि राजनीति मे सक्रिय रहलाह। 2024क चुनाव मे ओ चुनाव नहि लड़बाक निर्णय लेलनि आ एकरा संग राजनीति सं संन्यासक घोषणा कएलनि। गंभीर एहि निर्णयक पाछू क्रिकेट सं जुड़ल व्यस्तता आ जिम्मेदारी कें मुख्य कारण बतौने छलाह। वर्तमान मे गौतम गंभीर भारतीय क्रिकेट टीमक मुख्य कोच छथि। हुनकर कार्यकाल 2027 मे होमय बला एकदिवसीय विश्व कप धरि अछि।

## पश्चिमी इंडीजक विरुद्ध श्रृंखलाक तैयारी मे जुटल छथि गंभीर

गौतम गंभीर एखन पश्चिमी इंडीजक विरुद्ध आगू होमय बला श्रृंखलाक तैयारी मे जुटल छथि। पश्चिमी इंडीजक टीम भारतक दौरा पर आबि रहल अछि, जतय दुनू टीमक बीच एकदिवसीय आ टी-20 मोकाबलाक श्रृंखला खेलल जाएत। एहि बीच भारतीय टीम जापान मे चलि रहल एशियन गेम्स मे सेहो हिस्सा लए रहल अछि। एशियन गेम्स मे भारतीय टीम कें मात्र टी-20 मोकाबला खेलबाक अछि। एके समय मे दूटा टूनामेंट होमयक कारण एशियन गेम्स मे राष्ट्रीय क्रिकेट अकादमीक प्रमुख वीवीएस लक्ष्मण मुख्य कोचक भूमिका निभा रहल छथि। गौतम गंभीर द्वारा अमित शाह सं भेट आ भगवान गणेशक प्रतिमा भेंट कएल गेलाक बाद सोशल मीडिया पर हुनकर राजनीतिक वापसी कें लए अटकल जरूर शुरू भेल अछि, मुदा एहि भेटक उद्देश्यक संबंध मे गंभीरक दिस सं कोनो राजनीतिक घोषणा नहि कएल गेल अछि।

# आजाद समाज पार्टी 42 आ सीट पर प्रभारीक नाम कएलक घोषित

उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव 2027क तैयारीक बीच नगीना सांसद चंद्रशेखर आजादक आजाद समाज पार्टी (कांशीराम) 42 आ विधानसभा सीट लेल प्रभारीक नामक घोषणा कएलक अछि। एहि सं पहिने पार्टी 45 विधानसभा सीट पर प्रभारीक पहिल सूची जारी केने छल। दुनू सूची जारी भेलाक बाद आब कुल 87 विधानसभा सीट पर प्रभारी घोषित कएल जा चुकल अछि। पार्टीक अनुसार, ई प्रभारी आगामी विधानसभा चुनाव मे पार्टीक संभावित उम्मीदवार होयत। आजाद समाज पार्टी एहि प्रभारी सभ कें अपन-अपन विधानसभा क्षेत्र मे संगठन कें मजबूत करबाक आ चुनावी तैयारी मे जुटबाक निर्देश देने अछि। पार्टीक सूत्रक अनुसार, प्रभारी सभ कें करीब 45 दिनक समय देल गेल अछि। एहि अवधि मे पार्टीक निर्देशानुसार काज आ क्षेत्र मे सक्रियताक आधार पर हुनकर समीक्षा कएल जायत। निर्देश पालन नहि कएनिहार प्रभारी सभ कें बदलल जा सकैत अछि। पार्टीक दोसर सूची मे अनुसूचित जाति सं 20, ओबीसी सं 13 आ मुस्लिम समुदाय सं 9 उम्मीदवारक नाम अछि। एहि घोषणा संग आजाद समाज पार्टी आब धरि उत्तर प्रदेशक 87 विधानसभा सीट पर अपन संभावित उम्मीदवारक नाम घोषित कए चुकल अछि। आजाद समाज पार्टी जुलाई मे 45 विधानसभा क्षेत्र लेल प्रभारीक पहिल सूची जारी केने छल। आब 42 आ नामक घोषणा भेलाक बाद पार्टीक कुल 87 विधानसभा क्षेत्र मे संगठनात्मक तैयारी आगू बढ़ि गेल अछि। प्रयागराजक फूलपुर सीट पर शाहिद अख्तर खान कें दोसर बेर प्रभारी बनाओल गेल अछि।



**दुनू सूची जारी भेलाक बाद आब कुल 87 विधानसभा सीट पर प्रभारी**




# झारखंड भाजपा युवा नेता सभक अगिला पीढ़ी तैयार करत, महिला कें सेहो भेटत प्रतिनिधित्व

झारखंड प्रदेश भाजपा अपन सभ मोर्चा आ प्रकोष्ठक अध्यक्षक नाम घोषित कए देने अछि। आब एहि मोर्चा सभक अपन-अपन कमेटी गठित कएल जाएत। सात मोर्चा मे कुल मिला कए 60 सं बेसी नेता कें प्रतिनिधित्व देल जाएत। भाजपा केंद्रीय नेतृत्व झारखंड मे नेता सभक अगिला पीढ़ी तैयार करबाक पर जोर देलक अछि। कमेटी मे शामिल होमय बला नाम मे युवा सभक संख्या बेसी रहत। अपन संगठनात्मक ढांचा मे भाजपा 33 प्रतिशत महिला कें स्थान देबाक योजना बना रहल अछि। खास कए युवा, महिला आ किसान मोर्चा मे नव नाम कें शामिल कए भविष्य लेल पार्टीक नव कैडरक आधार तैयार करबाक तैयारी अछि। एहि मोर्चा सभ मे करीब 60 प्रतिशत युवा, महिला, ओबीसी आ आदिवासी समुदाय सं जुड़ल नाम शामिल कएल जाएत। प्रदेश नेतृत्वक दिस सं सभ मोर्चा अध्यक्ष कें दुगार्पूजा सं पहिने अपन टीम तैयार करबाक लेल कहल गेल अछि। प्रदेश भाजपा मोर्चाक कमेटी मे जिला स्तरक कार्यकर्ता सभ कें सेहो स्थान देल जाएत। विधानसभा आ लोकसभा चुनाव मे जिला स्तर पर अनुभवी नेता सभक कमी कें देखैत एहि नेता सभ कें प्रदेश मे काज करबाक अवसर देल जाएत आ हुनका सभ कें प्रशिक्षण देल जाएत। जिला प्रभारी सभ कें एहन नाम सुझाबय लेल कहल गेल अछि। हाल मे भेल स्थानीय निकाय चुनाव मे कमजोर प्रदर्शनक बाद भाजपा केंद्रीय नेतृत्व जिला मे मजबूत सामाजिक आधार बला नेता सभ कें आगू अनबाक निर्देश देने छल। भाजपाक प्रस्तावित संगठनात्मक ढांचा मे युवा, महिला आ सामाजिक प्रतिनिधित्व पर विशेष जोर देल जा रहल अछि। कमेटी मे करीब 33 प्रतिशत महिला प्रतिनिधित्व आ मोर्चा सभ मे करीब 60 प्रतिशत युवा, महिला, ओबीसी आ आदिवासी समुदायक नाम शामिल करबाक योजना बताओल गेल अछि।

**जिला सभक प्रमुख चेहरा कें मोर्चा मे स्थान**

# संकुल स्तर पर कक्षा 3 सं 8 धरि उत्तर पुस्तिकाक मूल्यांकन शुरू

## 13 दिवसीय साधना शिविरक समापन

रोसड़ा/समस्तीपुर, समदिया

शिवाजीनगर प्रखंडक 17 संकुल केंद्र पर कक्षा 3 सं 8 धरि पढ़ैत विद्यार्थीक अर्द्धवार्षिक मूल्यांकन परीक्षाक उत्तर पुस्तिकाक जांचक काज सोमदिन सं शुरू भेल। अर्द्धवार्षिक मूल्यांकन निर्धारित समय- सीमाक भीतर पूरा करबाक लेल प्रखंडक विभिन्न विद्यालयक 250 सं बेसी शिक्षक कें मूल्यांकन काज मे लगाओल गेल अछि। अलग-अलग संकुल केंद्र पर प्रतिनियुक्त शिक्षक उत्तर पुस्तिकाक जांच मे जुटल छथि। मूल्यांकन काज कें सुचारु रूप सं करबाक लेल संकुल स्तर पर आवश्यक व्यवस्था कएल गेल अछि। मूल्यांकन काज संबंधित संकुलक संचालक आ समन्वयकक नेतृत्व आ निगरानी मे कराओल जा रहल अछि। शिक्षक



कें विषयवार उत्तर पुस्तिकाक मूल्यांकनक जिम्मेदारी देल गेल अछि। मूल्यांकन मे पारदर्शिता आ निष्पक्षता बनौने रखबाक लेल शिक्षक कें अपन विद्यालयक विद्यार्थीक उत्तर पुस्तिकाक जांच सं अलग राखल गेल अछि। एहि सं मूल्यांकन प्रक्रियाक निष्पक्षता कायम रखबा मे सहायता भेटत। मूल्यांकन काज मे प्रिंस कुमार, श्याम बाबू, नीतीश कुमार, राजेंद्र बैठा, सीमा कुमारी, रंजीत कुमार राय, गौतम कुमार सिंह, रोशन कुमार, निरंजन प्रसाद, रोशन कुमार राम, शंकर राय, पवन कुमार राम, पवन कुमार सिंह, पवन राज सहित अन्य शिक्षक-शिक्षिका अपन जिम्मेदारी निभा रहल छथि। संकुल केंद्र पर निर्धारित प्रक्रियाक अनुसार उत्तर पुस्तिकाक जांच कएल जा रहल अछि आ विद्यार्थीक उत्तरक आधार पर अंक देल जा रहल अछि।प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी रामजन्म सिंह सोमदिन विभिन्न संकुल केंद्रक दौरा कए मूल्यांकन काजक जायजा लेलनि। ओ मूल्यांकन मे लागल शिक्षक सं प्रक्रियाक संबंध मे जानकारी लेलनि आ आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। ओ उत्तर पुस्तिकाक जांच मे सावधानी बरतबाक, निर्धारित मापदंडक अनुसार अंक देबाक आ मूल्यांकन काज समय पर पूरा करबाक निर्देश देलनि। संकुल संचालक आ समन्वयक कें सेहो मूल्यांकन काजक नियमित निगरानी करबाक निर्देश देल गेल अछि। शिक्षा विभागक दिस सं अर्द्धवार्षिक मूल्यांकनक माध्यम सं विद्यार्थीक शैक्षणिक प्रगतिक आकलन कएल जा रहल अछि। उत्तर पुस्तिकाक मूल्यांकनक बाद प्राप्त परिणामक आधार पर विद्यार्थीक विषयवार सीखबाक स्तरक जानकारी भेटत। एहि आधार पर कमजोर विषय आ विद्यार्थीक पहचान कए आगू शैक्षणिक सुधारक दिशा मे आवश्यक प्रयास कएल जा सकत।

# विधायक डॉ. मुरारी मोहन झाक नेतृत्व मे कार्यकर्ता सभ केलनि स्टेशन परिसरक सफाई



केवटी, समदिया

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक 76म जन्मदिवसक अवसर पर चलि रहल देशव्यापी सेवा संकल्प अभियानक अंतर्गत रविदिन सेवा हमर योगदान कार्यक्रम अंतर्गत मुहम्मदपुर रेलवे स्टेशन पर स्वच्छता अभियानचलाओल गेल। अभियानक नेतृत्व स्थानीय विधायक डॉ. मुरारी मोहन झा केलनि। एहि मे भाजपाकार्यकर्ताक दर्जनों कार्यकर्ता उत्साहपूर्वक सहभागी भेलाह।विधायक डॉ. मुरारी मोहन झा आ कार्यकर्ता सभ हाथ मे झाड़ु लए स्टेशन परिसर आ आसपासक क्षेत्रक सघन सफाई केलनि। एहि दौरान यात्री आ स्थानीय लोक कें स्वच्छताक प्रति जागरूक करैत अपन आसपासक वातावरण स्वच्छ राखबाक संदेश देल गेल। कार्यकर्ता सभ कें संबोधित करैत विधायक कहलनि जे स्वच्छता ही सेवा अछि आ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी स्वच्छता कें जनभागीदारीक अभियान बनेलनि अछि। ओ लोक सं दैनिक जीवन मे स्वच्छता अपनयबाक आ अभियान कें निरंतर आगू बढ़ैबाक अपील केलनि। अभियान मे दिलीप भारती, नवजीत चौधरी, विनोद सिंह यादव, श्रवण मिश्रा, उमेश पासवान, जनक दास,ज्ञानरंजन चौधरी, नवीन चौधरी, नवल यादव, बबलू सिंह, राकेश शर्मा, अमरजीत यादव, अजय यादव, ललितयादव, रामनरेश यादव आ नीलमणि यादव सहित पैघ संख्या मे कार्यकर्ता आ स्थानीय लोक उपस्थित छलाह।

# युग परिवर्तनक दौर मे साधना आ सत्संग सं मानवताक रक्षा संभव

## बाबा उमाकांत जी महाराज साधक कें केलनि संबोधित



दरभंगा, समदिया

जय गुरुदेव धर्म विकास संस्था, उज्जैनक दरभंगा शाखाक तत्वावधान मे आयोजित 13 दिवसीय साधनाशिविरक सोमदिन समापन भेल। स्थानीय लीला विवाह भवन मे आयोजित कार्यक्रम मे उत्तरी जोनक 9 जिलाक करीब ढाई सय सत्संगी, नामदानी आ अनुयायी सहभागी भेलाह। एहि दौरान हरियाणाक गुरुग्राम सं राष्ट्रीय स्तर पर आयोजित समापन समारोह कें बाबा उमाकांत जी महाराज संबोधित केलनि।ओ कहलनि जे वर्तमान समय पैघ परिवर्तनक दौर सं गुजरि रहल अछि। एहन समय मे मनुष्य केंभयभीत होयबाक बदला प्रभुक स्मरण, साधना आ सत्संग कें जीवनक आधार बनयबाक चाही। ओ बतौलनि जे प्राकृतिक आपदा, बेमारी आ संभावित जन-धनक क्षति कें कम करबाक उद्देश्य सं विभिन्न स्थान पर साधना शिविर आयोजित कएल जा रहल अछि। बाबा उमाकांत जी महाराज साधक सं सदाचार, शाकाहार, नशामुक्ति आ प्रभु-भक्ति अपनयबाक आह्वान केलनि। ओ कहलनि जे साधना मात्र व्यक्तिगत कल्याण लेल नहि, बल्कि समाज आ मानवताक हित लेल सेहो आवश्यक अछि। सत्य, प्रेम, सेवा आ सद्भाव कें जीवन मे अपनयला सं सामाजिक शांति आ आपसीभाईचारा मजबूत होयत। समापनक अवसर पर साधक सभ सामूहिक साधना केलनि आ बाबा जयगुरुदेवक संदेश जन-जन धरि पहुंचयबाक संकल्प लेलनि।

# डीएम जनसंवाद मे आम लोकक समस्याक समयबद्ध निष्पादनक देलनि निर्देश

## भूमि-राजस्व, पेंशन, राशन कार्ड, आवास, बिजली, सड़क, पानि, शिक्षा आ स्वास्थ्य सं जुड़ल मामिला उठल

समस्तीपुर, समदिया

जिलाधिकारी समस्तीपुर रोशन कुशवाहाक अध्यक्षता मे आइ समाहरणालय स्थित सभाकक्ष मे जनसंवाद कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। जनसंवाद मे जिलाक विभिन्न क्षेत्र सं आएल आम लोक अपन समस्या, शिकायत आ मांग सं संबंधित आवेदन जिलाधिकारीक समक्ष प्रस्तुत केलनि।जनसंवादक दौरान आम नागरिक सभ भूमि आ राजस्व संबंधी मामिला, दाखिल-खारिज, अतिक्रमण, सामाजिक सुरक्षा पेंशन, राशन कार्ड, आवास योजना, विद्युत, सड़क, पेयजल, शिक्षा, स्वास्थ्य सहित विभिन्न विभाग सं जुड़ल जनहितक मामिला जिलाधिकारीक समक्ष रखलनि। जिलाधिकारी प्रत्येक आवेदकक समस्या गंभीरतापूर्वक सुनलनि आ संबंधित पदाधिकारी कें मामिलाक नियमानुसार जांच कए समयबद्ध, पारदर्शी आ गुणवत्तापूर्ण निष्पादन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि।



ओ कहलनि जे जनसंवादक उद्देश्य आम नागरिकक समस्या सीधे सुनब आ ओकर समाधानक प्रक्रिया कें प्रभावी आ त्वरित बनेनाइ अछि। ओ सभ संबंधित पदाधिकारी कें निर्देश देलनि जे जनसंवाद मे प्राप्त आवेदन कें प्राथमिकताक आधार पर लैत नियमानुसार कारबाइ सुनिश्चित करथि। जाहि मामिला मे अन्य विभाग अथवा उच्चतर स्तर सं कारबाइ अपेक्षित अछि, ताहि मे संबंधित कार्यालय सं समन्वय स्थापित कए आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। संगहि, प्रत्येक आवेदनक निष्पादनक स्थिति पर नियमित रूप सं अनुश्रवण करबाक लेलसेहो कहलनि।जिलाधिकारी कहलनि जे जनशिकायतक निष्पादन मे अनावश्यक विलंब कोनो स्थिति मे स्वीकार्य नहि अछि। अधिकारी कें ई सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल जे आम नागरिक कें अपन समस्या समाधान लेल अनावश्यक रूप सं कार्यालयक चक्कर नहि लगाबय पड़य। ओ अधिकारी सभ सं संवेदनशीलता आ उत्तरदायित्वक संग जनसमस्याक समाधानक दिशा मे कार्य करबाक लेल कहलनि। सामाजिक सुरक्षा सं संबंधित मामिला मे सहायक निदेशक सामाजिक सुरक्षा साक्षी कें आवश्यक कारबाइआ अनुश्रवण लेल सेहो निर्देशित कएल गेल। जखन कि राजस्व आ भूमि संबंधी मामिलाक त्वरित निष्पादन लेल संबंधित राजस्व पदाधिकारी कें आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देल गेल।जनसंवादक दौरान अपर समाहर्ता ब्रजेश कुमार, जिला पंचायत राज पदाधिकारी विष्णु देव मंडल, राजस्वप्रभारी धर्मराज, सहायक निदेशक सामाजिक सुरक्षा साक्षी सहित विभिन्न विभागक जिला स्तरीय पदाधिकारी आ संबंधित कर्मी उपस्थित छलाह।

# आंगनक मिलन कार्यक्रमक तैयारी कें लए समीक्षा बैसार

## 6 सं 8 अक्टूबर धरि तीन दिवसीय आयोजन

दरभंगा, समदिया

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक सार्वजनिक जीवन मे 25 वर्षक सेवाकाल आ सुशासन पूरा होयबाक उपलक्ष्य मे 6 सं 8 अक्टूबर धरि आयोजित होमयवला तीन दिवसीय आंगनक मिलन कार्यक्रमक तैयारी कें लए सोमदिन जिला अतिथि गृह मे समीक्षा बैसार भेल। बैठकक अध्यक्षता भाजपा जिलाध्यक्ष उपाध्यक्ष अभयानंद झा केलनि। बैसार मे भाजपा प्रदेश उपाध्यक्ष पवन जायसवाल, बिहार सरकारक वन आ पर्यावरण मंत्री रामचंद्र प्रसाद, सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर, पूर्व मंत्री हरि सहनी सहित संबंधित विभागक पदाधिकारी उपस्थित छलाह। बैसार मे डीपीओ आईसीडीएस, डीपीएम जीविका, सभ सीडीपीओ आ नोडल आशा कार्यकर्ता संग आयोजन स्थल, लाभुकक सहभागिता, विभागीय समन्वय आ कार्यक्रमक



रूपरेखा पर चर्चा कएल गेल।पवन जायसवाल कहलनि जे कार्यक्रमक माध्यम सं मातृ आ शिशु स्वास्थ्य, पोषण तथा महिलासशक्तीकरण सं जुड़ल विषय कें जनभागीदारीक संग आगू बढ़ाओल जाएत। एहि दौरान आंगनबाड़ीसेविका-सहायिका आ आशा कार्यकर्ता कें सम्मानित कएल जाएत। तीन लाभुक महिला कें सम्मान,पारंपरिक गोदभराइ आ अन्नप्राशन संस्कार तथा माता-बच्चा सं संवाद सहित विभिन्न गतिविधि आयोजित कएल जाएत। मंत्री रामचंद्र प्रसाद आ सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर कार्यक्रमक सफलता लेल

**» मातृ-शिशु स्वास्थ्य आ पोषण पर रहत जोर**

विभागीय समन्वय तथा बेसी सं बेसी माता, बच्चा आ लाभुक परिवारक सहभागिता सुनिश्चित करबाक आवश्यकता पर जोर देलनि। बैसार मे बिहार सरकारक पूर्व मंत्री हरि सहनी, प्रदेश सह कोषाध्यक्ष अंकुर गुप्ता, कार्यक्रमक क्षेत्रीय प्रभारी गुड़िया तिवारी, भाजपा जिलाध्यक्ष (पूर्वी) विनय पासवान, उमेश कुशवाहा,सुजीत मल्लिक, संतोष पोद्दार, राजेश रंजन, संगीता साह, मीरा मेहता, सपना भारती, रिंकी देवी, कल्पना झासहित कार्यक्रमक संयोजक-सहसंयोजक आ संबंधित पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# लायन्स क्लब ऑफ जनकपुरधाम स्थापित करत डिजिटल लाइब्रेरी

## स्वर्ण जयंतीक अवसर पर मैथिली विकास कोषक सहकार्य सं बनत ई-लाइब्रेरी

जनकपुरधाम, समदिया

